


MWARI ANOSHANDURA HERE PFUNGWA YAKE?

 ...Mwari. Ngatirambe takamira misoro yedu yakakotamiswa, kwekanguva.

Baba veKudenga, tinoKutendai nechinhu chose chakanaka chaMakatipa. Hatikodzeri chero zvawo ma—maropafadzo eNyu. Zvechokwadi aya maropafadzo atisingakodzeri atinogamuchira. Uye tinonamata, Mwari, kuti Mucharamba muinesu. Tichingofamba tichipinda uye nekunzwa mweya wakanaka uyu mumusangano, ndinoziva kuti unobva kwaMuri. Nekudaro ndinonamata, Baba, kuti Muchaenderera mberi muchiremekedza musangano husiku huno, neHupo hweNyu, nekupodza vanorwara vose nevanotambudzwa. Zviitei. Dai uhwu hukava hu—husiku hukuru hwatisingazokanganwi nekukurumidza, nekuda kweHupo hweNyu. Tinozvikumbara nemuZita raJesu. Ameni.

² Ndinoda kukumbira ruregerero nekukuchengetai nguva yakareba husiku hwapfuura. Ndichaedza kukurumidza husiku huno, uye kuti tingokurumidza ku—kunamatira vanorwara. Zvirokwazvo ndakanzwa zvakanaka nekuda kwemusangano wehusiku hwapfuura. Zvinoratidzika kunge pane vanhu vazhinji vakapodzwa. Uye ndaiva nekutsigirwa kwakawanda, munhu wose achinamata, uye tose pamwe chete. Ndiyo nzira yatinomira nayo. Nekudaro, Ishe vakuropafadzei. Zvino, ndinofunga, mangwana manheru tichazova...Pamwe vatozvizivisa kare. Ndepane imwe—imwe nzvimbo. Zvakanaka.

³ Zvino ngatizarurei muBhuku raNumeri, chitsauko 22, nekuchimbudzika, kuchidzidzo chidiki, titaure zvisoma, uye tichaisa nguva huru mumutsara wekunamatira.

⁴ Billy ataura kuti apa makadhi akawanda kwazvo, mazana maviri kana matatu awo. Uye zvichatora nguva yakati rebei kuti vapedze kupfuura nemumutsara wekunamatira, nokudaro ndi—ndichangotaura kwamaminitsi mashoma, asingadarike maminitsi makumi matatu, kana zvichikwanisika, zvino ndozotanga mutsara wekunamatira, kunamatira vanorwara. Muna Dheuteronomio, muna . . . Ndiregerereiwo.

⁵ Numeri, chitsauko 22 uye ndima 31, ndinoda kuverenga izvi.

Ipapo JEHOVHA akasvinudza meso aBharamu, akaona mutumwa waJEHOVHA amire munzira, ane munondo wakavhomorwa muruoko rwake: akakotamisa musoro wake, akawira pasi nechiso chake.

⁶ Zvino izvi zvingaita segwaro duku risina kunaka ku—kupa senheyo uye nekuva nesevhisi yekupodzwa. Zvino ndichaedza kuti ndinge ndatove nemutsetse wekunamatira nenguva dza nine o'clock, kana zvichikwanisika. Zvino ndinoda kutora musoro wenyaya husiku huno unoti: *Mwari Anoshandura Here Pfungwa YaKe?*

⁷ Munoziva, tinokwanisa kushandura pfungwa dzedu, uye nekuti isu—isu tinodzidza zvakasiyana zvisihoma, tinoziva kuti takakanganisa.

⁸ Asi handitendi kuti Mwari anokwanisa kushandura pfungwa yaKe. Nekuti, kana Akadaro, zvino zvechokwadi Anenge asingazivi zvinhu zvose, uye Anenge ava kuita sarudzo iri nani kana Akaishandura. Nekudaro iYe. . . Kutenda kwandinako maAri, ndekwekuti—ndekwekuti haAshanduri pfungwa yaKe. Nekuti kana Mwari akaita sarudzo, Anofanira kugara nesarudzo iyoyo. Maona? Uye nguva dzose kana dambudziko rimwe chete rikaitika, Anofanira kuita nenzira imwe chete iyoyo yaAkaita pakutanga, kana kuti Akaita zvisiri izvo pakutanga. Maona? Nekudaro zvinotipa mukana wokuva ne—nehwaro hwekutenda. Zvino hatikwanisi. . .

⁹ Hongu, kutenda hakusi shizha rinopepereka, chimwe chinhu chaunokwanisa kubhururutsira *apa* uye nekumwewo kunhu. Chinhu chinofanira kuva chechokwadi. Chinofanira kuve chakadzikama. Uye, zvino, handikwanisi kuisa kutenda kwangu pane dzimwewo pfungwa. Zvinofanira kusimbiswa ndisati ndava nekutenda.

¹⁰ Sezvakangoita murume ari kusarudza mukadzi, wekuroora. Zvino, iye, iye anofanira kuva nekutenda mumukadzi uyu waanoroora, kana kuti ari kuzvitsvakira kusangana nematambudziko akawanda. Maona? Nekudaro anotofanira, unofanira kuva nekutenda, zvimwe zvinhu zvakasimbiswa, kumwe kutenda kwekutanga nako; pashoko rake, pamusoro pezvakataurwa nemumwe munhu, kana chimwe chinhu. Anofanira kuva nechimwe chinhu chekuisa chiso chake pachiri, kutenda kwake.

¹¹ Nekudaro ndinonzwa kuti, kusangana naMwari, pane chinhu chimwe chete chandinokwanisa kuisa kutenda kwangu pachiri uye iri iShoko raKe.

¹² Nekuti, tine mafungiro akasiyana, zvichida tose zvedu. Tinogara pasi uye totanga kutaura pamusoro pechimwe chinhu chekudya, sei, tinokwanisa kusiyanira pachinhu chekudya; uye takagadzirwa zvakasiyana, zvatinoifarira kudya zvakasiyana. Nekudaro zvinoita kuti machechi edu, tinoona kuti akasiyana mupfungwa dzawo dzekuti chakanaka nechakaipa ndechipi. Zvinotipa, mumwe nemumwe wedu, mukana wekuita sarudzo.

¹³ Asi, kwandiri, ndi—ndinotenda kuti Shoko raMwari ndere chokwadi. Uye handi—nditendi kuti rine dudziro yepakavanda.

Ndinotenda kuti rinoreva zvaRinotaura, ndicho Chokwadi. Uye ndiyo nzira yandinozvitora nayo, panheyo yekuti iRo iShoko raMwari. Zvino, handina kutenda kwakakwana, dzimwe nguva, kuti rose riitike, asi zvechokwadi handingadi kumira munzira yemumwe munhu ane kutenda kwakakwana kwekuti Riitike.

¹⁴ Zvino, semuenzaniso, Enoki aiva nekutenda kwakakwana kwekuti akanga asingafanire kufa. Akangofamba panguva dzamasikati, uye akanga aneta pano panyika akabva angofamba achienda kuDenga. Zvechokwadi ndingada kuva nokutenda kwakadaro. Asi ndine tariro yokuti tichava nokutenda uku rimwe zuva, apo tinokura maAri. Zvino edu . . .

¹⁵ Chikonzero ndasarudza nzvimbo iyi, ndechekuti zvinoratidzika sekunge apa, kwandiri, ndiyo imwe yenzvimbo muBhaibheri yaka—yakakosha panyaya yedu husiku huno, nekuti zvinoratidzika sekunge Mwari akashandura pfungwa yaKe, akaudza Bharami chimwe chinhu chekuita uye ndokuzomuudza chimwe chinhu chekuita. Nekudaro ndakafunga kuti, dzimwe nguva, kwechinguva, tichaedza kujekesa izvi zvisihoma, uye toona kuti chii chaizvo chaAkamuudza.

¹⁶ Zvino kuti tiise hwaro pazviri. Tinoziva kuti Bharami aiva mu—mu—muporofita. Uye Bharaki akanga ari mambo weMoabhi, panguva iyi. Uye vakanga vasiri vanhu vasingatendi, vanhu vekuMoabhi, vaishumira Mwari mumwe chete aishumirwa neIsraeri. Nekuti, Moabhi, rudzi rwakatangiswa nemwanakomana waRoti, waakabereka nemwanasikana wake, nokudaro vainamata Mwari mumwe chete. Kana mukacherechedza, zvipiriso zvavo nezvose zvakanga zvakafanana, nzombe, uye makondohwe, zvichimirira kuUya kwechipiri. Uye zvino kana hurongwa hunotarisirwa zviri izvo zvinodiwa naMwari, zvino Moabhi yakanga ichiziva zvokupirisa sezvaingoitawo Israeri. Asi tinovaona zvino, Israeri iri munzira yekutevera Shoko raMwari, kuenda kunyika yavakanga vavimbiswa. Uye vakauya . . .

¹⁷ Pano ndipo pane mufananidzo wezvepanyama nezvepamweya, zvichisangana. Uye panosangana venyama nevemweya, nguva dzose pane kurwisana, nekuti vanomhanya vachinodhumhana mumwe kune mumwe. Zvino Israeri pano, yainge, ndinoda kuimirira seChechi yemweya; uye Moabhi sechechi yapanyama, inongova chechiwo zvayo, yatinoti, chechi yepanyama.

¹⁸ Uye tose tine chokwadi kuti pane che—chechi, uye pane Mwenga uri kubuda muchechi iyoyo. Tinozviziva izvi, kuti izvi ichokwadi.

¹⁹ Zvino vanopesana pano. Uye tinocherechedza kuti pavanopesana pano, zvakauya pasi pechimwe chinhu chandichada kutaura pamusoro pachu muchinguvana

chinotevera. Pavakangopesana chete, uye mumwe ndokuona zvakanga zvichiitwa nemumwe, pakava nekutevedzera kukuru, nemumwe wacho.

²⁰ Uye ndipo patinozviona nhasi, kuti tinowana kutevedzera kwakawanda. Uye pamunoita izvozvo, nguva dzose munopinda mudambudziko. Haukwaniisi kurarama hupenyu hwemumwe munhu. Hatikwaniisi kutevedzera chimwe chinhu. Tinofanira kungova zvatiri. Haufaniri (zvachose) kuedza kuzviita. Kana munhu *uyu* akaita chimwe chinhu; nekuti azviita, wofunga kuti unofanira kuzviitawo, zvakare. Iwe usaita izvozvo. Uri munhu anozvimirira ega, kuna Mwari. Uye hatifaniri kuedza kutevedzerana.

²¹ Uye zvino, Israeri, iri mugwara rebasa, vachifora munzira yavo kune zvakairwa, nemurairo waMwari, kunyika yakavimbiswa, vakapesana naMoabhi, rimwe boka ravatendi.

²² Uye ndine tariro yekuti izvi hazvikuirei kunzwa. Asi mufananidzo mudiki wandiri kuda kuita pano ndeuyu, Moabhi yagadzikana munyika, yakanga yakaita sekuumba sangano. Vaiva nevane mukurumbira, uye nevanoremekedzwa vavo ve... vehumambo hwayo.

²³ Asi Israeri yaingova mu—mudzungairi. Vakanga vasina nzvimbo chaiyo yavaienda. Vaingoritaira sekutungamirirwa kwavaiitwa naShe. Zvino, ndinotenda, zvakare, Bharami, mberi muchiporofita chake, akati, “Vanhu ava vanenge vasiri pakati pendudzi. Vachange vakangopararira.” Uye ndizvo zvazvakangogara zvakaita nguva dzose. Uye takaona kuti, kupesana kwakauya.

²⁴ Sezvakangoita Kaini naAbheri, vakauyawozve pamwe chete mukupesana. Uye ivo vari mukoma nemunun’una, uye vari vaviri vaive vaamai vamwe chete, Evha. Zvino tinoona kuti vakazviziva kuti ivo vakanga vari vanhu vanofa, uye vakanga vabudiswa muHupenyu, kunze kwebindu reHupenyu. Uye vose vakanga vachiedza kuwana nzira yekudzokera Ikoko. Zvino kana makacherechedza, vakomana ava vose vakanga vari vanamati kwazvo. Kaini akanga ari munamati sezvaiva Abheri. Uye vose vakavaka maartari, kana kutoti, chechi. Vose vakapirisa. Vose vakanamata. Uye va—vaishumira Mwari, vari vaviri, asi mumwe wavo aiMushumira zvisiri izvo.

²⁵ Zvino, munoona, unogona kunge wakaperera asi pazvinhu zvisiri izvo. Unogona kunge uchikanganisa. “Pane nzira inoratidzika seyakanaka, asi magumo ayo inzira dzerufu.”

²⁶ Zvino isu—isu tinoona kuti chakanga chiri chokwadi panaKaini naAbheri. Uye pavakaona...Kaini akaona kuti chipiriso chaAbheri chakagamuchirwa. Uye, ndingamire pano nditaure kuti, ko sei Mwari akagamuchira chipiriso chake? Nekuti iye—iye aiva...Nechizaruro, akanzwisisa kuti akanga asiri maapurosi, kana kuti ndinotenda iye zvino vava kuti aiva

mapomanganeti kana chimwe chinhu chavakadya mubindu reEdheni, chakakonzera chivi. Uye akawana Adhama...kana kuti, ndinoreva, Abheri akazvitenda (iye) kuti raiva ropa. Ndizvo, zvazvaiva chaizvo. Uye Abheri, nechizaruro, kutenda, akapira kuna Mwari chipiriso chakanyanya kunaka kudarika chaKaini; icho Mwari akapupura nekuda kwacho, kuti akanga akarurama. Maona? Uye Chechi yose yakavakwa pachizaruro chaMwari cheShoko raMwari. Yose . . .

²⁷ Jesu akataura kudaro. Rimwe zuva, achidzika kubva mugomo, Akati kuvadzidzi vaKe, “Ko imi munoti Ini Mwanakomana wemunhu ndini ani? Kana kuti vanhu vanoti ndiNi ani?”

²⁸ “Zvino vamwe vavo vakati, zvakanaka, ndiMi ‘Mosesi,’ ndiMi ‘Eria,’ kana ‘mumwe wavaporofita.’”

Iye akati, “Ko imi munoti Nдини ani?”

²⁹ Zvino Petro akataura chitaurwa chikuru chiya, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu!”

³⁰ Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi.” Zvino pano ndipo pane gakava guru pakati pavatendi.

³¹ Zvino chechi yeKatorike inoti, “Apa Iye—Iye akavaka Chechi yaKe pana Petro, nekuti Akati, ‘Ndiwe Petro,’ dombo diki, ‘pamusoro pedombo iri, dombo diki, Ndichavaka Chechi yaNgu.’”

³² Zvakanaka, zvino, maProtestanti vanotenda zvakanyanya kuti Akaivakira pamusoro pake iYe, pamusoro paKe, Dombo rapakona. Asi, munoona, Aiva Dombo repakona yemba. Ndinotenda kuti pamusoro paAkavakira Chechi. . .

³³ Kwete kutsvaka kusiyana, asi, munoona, mubvunzo waiva wekuti, “Vanhu vanoti ndiNi ani?”

³⁴ Zvino Petro akati, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

³⁵ Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJonasi, nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri. Hauna kuzvidzidza nekuenda kuchikoro. Munoona, hauna kudzidza izvi nezvinhu zvakagadzirwa nevanhu. Asi Baba vaNgu, vari kuDenga, vazarura izvi kwauri. Maona? Pamusoro peDombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkundi,” chizaruro chepamweya chaJesu Kristu, Anova Shoko. Zvino chinozova chizaruro chemweya cheChokwadi cheShoko, ndipo chaipo panozorora Chechi.

³⁶ Ndinofunga kuti ndizvo zvaiva naAbheri pakutanga, chizaruro chemweya chekuti wakanga usiri muchero wemumunda kana mabasa amaoko edu, kanawo chimwe chinhu. Raiva ropa. Uye akapa Mwari chipiriso chakanaka kupinda—kupinda chakaitwa naKaini.

³⁷ Tinoona muna Abrahamama naRoti, chinhu chimwe chete, mukusarudza, nekuti Roti akaenda zasi, nguva payakasvika, apo chechi yemweya neye—neyepanyama zvakapesana, nekuda kwavafudzi. Vaifanira kupatsanurana mumwe kubva kune mumwe. Uye pose panoitika izvi, panobuda goda.

³⁸ Tinoona kuti Abheri, nekuti Mwari akanga amugamuchira, uye haAna kugamuchira chibairo chaKaini chikuru chakanaka, chaakanga ashingairira zvikuru. Uye akanga ari munamati, aipfugama achinamata, nezvakadaro, achiita zvose zvaitwa naAbheri, asi akanga asina chizaruro chekuti ndechipi chokwadi. Nekudaro tinoona kuti, Mwari paakagashira chizaruro chaAbheri nechibairo chake, zvakaita kuti Kaini aitire Abheri goda. Uye ndipo pakava nekuponda kwekutanga.

³⁹ Tinoona kuti goda rakavapo pakati pavafudzi vaAbrahamama nevaRoti, nokudaro vaitofanira kupatsanurana.

Tinoonawo kuti Mosesi naKora vakapesanawo, zvakarevo.

Jesu naJudhasi vakapesana.

⁴⁰ Uye sakare, chagara chiri chinhu chimwechete, uye ndizvo zvazviri nhasi, chechi yepanyama nechechi yepamweya dzinopesana kana dzauya pamwe chete. Zvino, yepanyama inoedza kuti ienzane neyepamweya, nguva dzose nekutevedzera kwenyama. Asi, sezvazvaiva naEsau naJakobho, hazvishandi.

⁴¹ Mwari ane Chechi yaKe yakadanwa, yakatumidzwa, yakatsaurwa. Uye muzera yaIri kurarama, Anozvizarura paChake kwaIri, nguva yoga-yoga, sezvaAkataura muna vaRoma chitsauko 8, kuti kufanoziva kana kufanotemera kwaMwari kumire zvemazvirokwazvo. Kaini, kana kuti ndinoreva . . .

⁴² Esau naJakobho, pasati pava nemumwe wavakomana ava akanga aberekwa, vasati vatombova nemukana wekutora sarudzo, Mwari akati, “Ndinovenga Esau asi Jakobho ndinomuda,” nekuti Aiziva zvaiva mavari, kubva pamavambo. Uye tinoziva . . .

⁴³ Zvichengetei izvozvo mupfungwa, Anoziva zviri mumwoyo mako. Anoziva zvaunoreva. Zvisinei nezvatinotaura, Anoziva zvaunoreva.

⁴⁴ Uye zvakagara zvichikonzera dambudziko. Zvino ivo, va . . . nguva dzose, wepanyama nguva dzose anoedza, kubvira Kaini paakauraya Abheri, wepanyama anogara nguva dzose achiedza kuparadza mabasa owemweya. Tinoona zviri zvimwe chete nhasi, zvimwe chete chaizvo nhasi. Zvinoratidza kuti zvinobva kuna Satani, nekuti igodo nekutevedzera Chokwadi.

⁴⁵ Nekudaro, tinotenda kuti Mwari haashanduri pfungwa yaKe pamusoro pezvaAkataura. Anogara achiZvichengeta chiri chokwadi.

46 Asi Ane kuda kwekuregedzera. Zvino, ipapo, ndipo pane dambudziko. Tinoedza kushanda pakuda kwaMwari kwekuregedzera, uye Iye anozvitendera. Asi zvakarewo kana tikatora kuda kwaKe kwekuregedzera, kunyange kusina kunaka, Anoita kuti kuda kwaKe kwekuregedzera kushande, pamwe chete, kubwinyisa kuda kwaKe kwakakwana.

47 Hapana chinokanganisika, naMwari. Tiri. . .Anoziva kuti nguva yava papi, husiku huno. Hapana chakakanganisika. Shamhu imwe neimwe iri kunyatsorova sezvainofanira kuita, zvinhu zvose. Tinofunga kuti zvakashata, asi Anoziva kuti zvakana. Zvinofanira kuva saizvozvi.

48 Sapamavambo, Mwari akangotendera chivi kuuya. Haana, kwete. . . Kwakanga kusiri kuda kwaKe kwakakwana.

49 Asi, munoono, Mwari, Mweya mukuru, Baba, maAri maiva nehunhu, uye zvinhu izvi zvamunoono zvichiratidzwa nhasi hunongori hunhu hwaKe huri kuratidzwa. Aigara ega, Akanga asitombori Mwari; Mwari aiva chinhu chinonamatwa. Akanga ari Iye Mukuru Wekusingaperi. Uye maAri maiva nehunhu, sekunge hwekuva Baba, kuva Muponesi, kuva Mupodzi. Uye zvino, Aizotanga sei. . . Aifanira kuva Baba, nekuti zvakaraidza kuti Aiva Baba, asi Anogara oga. Ndiye chete asingafi. Uye, zvino, asi hunhu hwaKe hunofanira kuratidzwa.

50 Zvino, kuva Muponesi, panofanira kuva nechakarasika. Uye Mwari haangarasi chinhu nebwoni kuti azochidzikinura. Hazvifambirane nehutsvene hwaKe uye nekutonga kwaKe kukuru. Asi Akaisa munhu pasarudzo yakasununguka, achiziva kuti munhu achawa. Uye pane izvozvo, zvino, Akava munhu, paChake, kuitira kuti azodzikinura munhu akawa. Ndicho chikonzero Jesu akava Emanueri. Dai Mwari akatuma mumwe munhu asiri iYe, zvadaro kwainge kusiri kururama. Mwari aifanira kuuya paChake otera nzvimbo. Uye Mwari haaikwanisa kuuya muMweya achitora nzvimbo, Aifanira kuitwa nyama, munyama yeMwanakomana waKe paChake waakasika.

51 Uye Akaratidza pano, pamavambo, kuti kuda kwaKe kwakakwana kwaiva kwekusika munhu kubva muguruva renyika. Asi, munoono, Akatendera kusangana kwemurume nemukadzi kuti kuvapo. Haana kunge achida kuti vana vaberekwe nekusangana kwemurume nemukadzi, asi zvakatenderwa, izvo zvichazoguma hazvo nekukurumidza.

52 Zvino tinoona kuti Moabhi aiva wehupombwe, pa—pakutanga kwacho, nekuti aiva mwanakomana waRoti, waakaita nemwanasikana wake. Zvino cherechedzai, sechechi yepanyama, Moabhi inomirira che—chechi yepanyama, Moabhi inodaro, uye Israeri, chechi yapamweya. Zvino, Israeri, mwenga, aiva. . .inomirira vakadanwa.

53 Chechi pachaYo, shoko rekuti *chechi* rinoreva kuti “vakadanwa vakabuda, budai,” avo vakabuda. “Budai mukati

mavo, vanhu vaNgu! Ivai makapatsanurwa, ndizvo zvinotaura Jehovha, uye Ndichakugamuchirai kwaNdiri. Musabata zvinhu zvavo zvine tsvina.” Chechi yaMwari yakadanwa kubva munyika, kubva munyonga-nyonga yenyika. Hamuchisiri venyika.

⁵⁴ Sezvandaiedza kutaura, humwe husiku, kwamuri, ndeapo paunuziva kuti une rubatso—une rudzikinuro rwako rweKusingaperi iko zvino mauri, kubudikidza nekubhabhatidzwa neMweya Mutsvene, watokumutsa kare. Zvino wakamuka naYe, uye takagara pamwe chete munzvimbo dzekumusoro kuDenga, munaKristu Jesu. Munoono, hauchisiri yenyika. Kana uchida nyika, uye zvido zvako zvichiri pazvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harusi mauri. Maona? Isu takabva, takasunungurwa kubva kunyika. Hapachisina chishuvo.

⁵⁵ Kuna vaHebheru, ndinotenda kuti chitsauko 10, panoti, “Kwaiva nekuenderera mberi kwekurangarirwa kwechivi, gore negore, mitumbi yemhuka idzi yaipiriswa. Asi pano apa, munamati kana acheneswa haachisina hana yechivi, hapachina chishuvo chekutadza.” Zvose izvozvo zvabva pauri, nekuti wamutswa kuHupenyu hutsva.

⁵⁶ Zvino chechi yepanyama iboka revanhu riri mumasangano, avakajoinha. Harichisiri. . . handichatomboidani kuti “chechi.” Handidi kuifananidza saizvozvo. Ndinoda kuifananidza “nekirabhu,” kirabhu yeMethodist, kirabhu yeBhaptist, kirabhu yePentekosti.

⁵⁷ Asi Chechi ndivo vakaberekwa patsva vari muna Kristu Jesu, vari zvisikwa zvitsva. Nekudaro tinoramba tichiona izvozvo, kuti Mwari anochengeta Shoko raKe.

⁵⁸ Zvino Moabhi yakaona, Moabhi yakatarisa pasi mumunda uye vakaona Mwari achifamba pakati pavanhu ava vakanga vasiri rudzi rune hurongwa. Vaingombeya-mbeya, kubva pane imwe nzvimbo vachienda pane imwe. Asi chinhu chinoshamisa, ivo, vakauya kundudzi idzi vakadzitora. Zvose zvaiva munzira yavo, vakazvitora. Zvino, vakazoono, Moabhi yaitarisa pazviri. Bharaki, akatarisa pasi parudzi rwaIsraeri, akati, “Vanhu ava vakazadza nyika yose.” Akati, “Uye vari kutsvaira ndudzi, kuita senzombe iri kufura uswa.”

⁵⁹ Uye vakazoono, chimwe chezvinhu zvikuru izvi kwaiva kuwana kwavakaita chizaruro chikuru ichi, paiva nemuporofita pakati pavo. Vaiva nemuporofita, zvino, mumwe munhu aivatungamirira. Hwakanga husiri hurongwa hwakaitwa navanhu sezvaakanga ajaira, vabatsiri vake—vake vaiva navo, nezvakadaro, asi iyo nevaremekedzwa vake. Asi vakanga vaine mu—mutungamiri, mutungamiri akadanwa naMwari.

⁶⁰ Uye, o, raiva zuva rinosuwisa rakadini, apo chechi yemunyika yakasiya kutungamirira kwaMwari kweMweya Mutsvene, zvino ndokugadza mubhishopi kana chimwewo

chinhu kuti chitore nzvimbo yaWo. Raiva zuva rinosuwisa. Mweya Mutsvene unofanira kuva mutungamiriri wechechi. Wakatumwa kuzosimbisa Mashoko aJesu Kristu, kuita kuti chechi irarame semararamiro ayakaita pakutanga.

⁶¹ Pasina nguva yakareba yapfuura, chikoro chinomukurumbira mu—muno muguta, chikoro chedzidzo yeBhaibheri. Uye vane imwe kuPhoenix. Zvino mumwe wavarume, kana kuti vamwe vavadzidzi vakati kuti, ava, vakauya kwandiri vakati, “Tinokudai, Hama Branham. Hatina chatinopesana nemi, zvachose, asi tiri kungoda kukutwasanudzai.”

⁶² Zvino ndakati, “Zvakanaka, zvirokwasvo ndinoda kutwasanudzwa.” Saka, uye saka ndakati, “Kana ndakatsveyama, zvirokwasvo handidi kutsveyama; ndinotaura nevanhu vakawandisa.”

⁶³ Uye akati, “Zvakanaka, apa ndipo pane dambudziko renyu.” Akati, “Muri kuedza kunza, kana kumutsa zvakare, chinamoto chavaapostora. Apo, chinamoto chavaapostora chakaguma navaapostora.”

Zvino ndakati, “Hongu, changamire.” Ndakati, “Zvakanaka, zvino kana . . .”

Akati, “Zvino, handidi kukakavadzana nemi.”

⁶⁴ Ndakati, “Handingadiwo kudaro zvakare. Hatidaro. Hatifaniri kuita izvozvo. Tiri hama.”

Uye akati, “Zvakanaka,” akati, “chandinoda chete kukubatsirai.”

Ndikati, “Zvirokwasvo ndinotoda kuwana rubatsiro.”

Uye akati, “Zvino, munoona,” akati, “zvino i . . . ichi ichokwadi.”

⁶⁵ Zvino ndakati, “Zvino, pakutaura, hatifaniri kushandisa mabhuku efundo.” Ndakati, “Handisi kuzoshandisa rangu,” uye ndakanga ndisina rimwe asi *Rino* iri. Asi saka—saka ndakati, “Handishandisi rimwe bhuku, asi Bhaibheri roga. Uye, iwe, tingoshandisa Bhaibheri chete.”

Akati, “Zvose zvakanaka.”

⁶⁶ Ndakati, “Zvino, tinotenda kuti chechi yavaapostora yakatanga paZuva rePentekosti. Unowirirana nazvo here?”

Akati, “Hongu, ndinobvuma.”

⁶⁷ Ndakati, “Zvino tinoona kuti Mwari akapa chechi simba ipapo, ramafambiro avaapostora aya.”

⁶⁸ Akati, “Hongu, iyi yaiva nheyo yeChechi. Zvino Chechi yakatoiswa muhurongwa kare, uye tina vafudzi vedu vose, namasangano edu makuru nezvimwe. Hatichadi zvinhu izvozvi zvakare, kuti zvidhonze vanhu.”

69 Ndakati, “Zvino Bhaibheri rinozvitaure papi izvozv?” Ndakati, “Ndiudze pazvakataurwa muBhaibheri.” Maona?

Uye akati, “Zvakanaka, harinyatsodaro nenzira iyoyo.”

70 Ndakati, “Zvakanaka, zvino, handikwanisi kuzvigamuchira kunze kwekunge richizvitaure nenzira iyoyo, munoono. Maona?” Ndakati, “Tiri . . .” Ndakati, “Ndiyo nzira yazvinofanira kunge zvakaite.” Ndakati, “Unotenda here kuti Mwari achiri kudana vanhu?”

Akati, “Hongu, changamire.”

71 Ndakati, “Zvino unotenda here kuti Bhaibheri rakarurama, pamhinduro dzose?”

“Hongu.”

72 Ndakati, “Zvino, mutauri paZuva rePentekosti, akanga ari Petro, aiva nemakiyi eHumambo.”

“Zvakanaka.”

73 Uye ndakati, “Zvino, sarudzo ipi zvayo yaaizoita, Jesu akati, ‘Icho chaunosunga panyika, Ndinochisungawo kuDenga; icho chaunosunungura panyika, Ndinochisunungurawo kuDenga.’”

Akati, “Ndichazvitenda.”

74 Ndakati, “Zvino, muna Mabasa chitsauko 2 uye ndima 38, Petro akataurira vanhu vava vakanga vachishamisika. Vanhu ava vaitaura nendimi dzisingazivikanwi. Uye vakamubvunza kuti vangaita sei kuti vaponeswe, uye iye akati, ‘Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu kuti muregererwe chivi, muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene; nekuti vimbiso ndeyenyu, nevana wenyu, nekune avo vari kure, kunyange naavo vachazodanwa naShe Mwari wedu.’ Zvino kana Mwari achiri kudana, vimbiso imwe chete iyoyo ndeyavo.”

75 Zvakanaka, akauya kuno uye akanga aine rimwe boka raBilly Graham rekuno uku vachinamatira musangano. Uye boka ravo rakanga riri pane imwe nzvimbo muno muCalifornia, mavhiki mashoma apfuura, vachinamata zvakadzika nekuperera, vachizvipira kuna Mwari, vachitsanya, zvino Mweya Mutsvene wakauya paboka rose rikatangira kutaura nedzimwe ndimi. Uye . . . Uh-huh.

76 Zvino iye inhengo ye—yeFriendly church, Assemblies of God iri muTucson, Arizona. Akati, “O, Hama Branham, ndakaenda uko ndikanzwa zvakanaka!” Akati, “Ndakangosimudza maoko angu, uye,” akati, “kubwinya kwaMwari! Ndakangoimba!” Ndokuti, “Handaikwanisa kuita izvi muNew Testament Baptist church.”

Ndakati, “Ndinoona kuti wakanga usingakwanisi. Ndicho chikonzero wakabuda.” Hongu.

⁷⁷ Saka hezvoka izvo, munoona, Mwari anochengeta Shoko raKe. ZvaAnotaura, Anozviita. Mwari anofanirwa kuchengeta Shoko raKe.

⁷⁸ Zvino tinoona pano, kuti, kutevedzera kwapanyama kwaiva naMoabhi uku. Akaona muporofita uyu pakati paIsraeri, kuti aikwanisa kuropafadza, kutuka, kutungamirira, nezvakadaro, nokudaro akaedza kuzvitevedzera, achishandisa zvatongerwe enyika.

⁷⁹ Zvino ndizvo zviru kuitika mumachechi nhasi. Vakaedza kuzvienzanisa neimwe mhando yehurongwa. Haukwanisi kudaro.

⁸⁰ Mweya Mutsvene unofanira kuva mupenyu muChechi, nguva dzose, uchitungamirira Chechi muchizvarwa chaIri kurarama machiri, nekusimbisa Shoko rakavimbiswa muzera iroro. Mwari akataura Shoko, kubva pakutanga, rakawanda zvakati kune zera *iri*, uye rakawanda zvakati kune zera *iro*, uye rakati kune *rimwe* zera. Zvinogara zvichingoitika nenzira iyi. Uye, munoona, Mweya Mutsvene unofanira kuva mupenyu muChechi, kuita kuti Chechi iyi irame zuva raYo. Unofanira kuva pano nhasi, kusimbisa shumiro yezuva rino, zviratidzo zvezuva rino, kudururwa kweMweya Mutsvene muzuva rino. Unofanira kuva pano uchiita izvi, uye haukwanisi kuuwana kubudikidza nekushanda kwehurongwa. Mwari ane hurongwa. Ndiye uYo Akatipa Mweya Mutsvene.

⁸¹ Zvino, tinocherechedza pano kuti Mosesi akanga aina Mambo, uye Mambo uyu akanga ari Mwari, akamuzodza. Bharami zvakare akanga ari pasi pamambo, Bharaki. Uye zvaiita kunge hurongwa hwezvatongerwe enyika, munoona, Bharaki. Bharami, muporofita waMwari, akaenda kuna Bharaki kunoudzwa zvekuita. Mosesi aienda kuna Mwari kunorairwa. Ndipo paiva nemutsauko.

⁸² Asi, vari vaviri vaiva vaporofita, nekuti vose vakanga vakadanwa naMwari; vose vakasangana naMwari, vose vaitaura naMwari, uye vose vakanga vakazadzwa neMweya. Zvino ndave kusvika pedyo, maona. Zvino, vose vakanga vari varume vakazadzwa neMweya. Zvino, ichi ichokwadi. Bhaibheri rakataura kuti, “Mwari akasangana naBharami akataura naye.” Maona?

⁸³ Nekudaro tinocherechedza kuti, mumwe nemumwe wavaporofita ava, vose vari vaporofita, vanhu vaMwari, vaiteerera kubva kuhutungamiri hwavo. Mosesi aiteerera kuna Mwari. Uye Bharami aiteerera kuna Bharaki.

⁸⁴ Cherechedzai pano, mukufananidzira zvepamweya nezvepanyama, kuti zvakanga zvakakwana sei. Mosesi, akatumwa naMwari, ari mugwara rebasa, akasangana nekupikiswa nemumwe munhu waMwari. Ungazvifungidzirewo zvakadaro?

⁸⁵ Asi tarirai kuti hwaive hurongwa hwakadini hwavaive nahwo kumusoro uko. Rwaive rudzi rwune hurongwa.

⁸⁶ Uye Mosesi aitungamirira vana vaIsraeri, sekuudzwa kwavaitwa naMwari kwavaifanira kuenda, vachitungamirirwa neShongwe yeMoto, neMunhu wemweya aitungamirira nzira. Uye Mosesi aiwana ruzivo rwake kubudikidza ne—nemutumbi weShoko, ndizvo chaizvo, wakabva kuna Mwari, Shongwe yeMoto iya; yaiva Ngirozi yeSungano, anova Kristu, Uyo Akazodzwa. Uye akanga achiwana mharidzo yake kubva Ikoko, uye achiipa kuvana vaIsraeri, munzira kuenda kunyika yakavimbiswa.

⁸⁷ Asi murume uyu akanga akagadzikana, uye aiva nehumambo hwake. Aiva namachechi ake. Aiva nezvinhu zvose zviri munzvimbo dzazvo. Nekudaro akatuma vanhu kunotora murume uyu, kuti auye kuzotuka vanhu ava. Uye cherechedzai, mungafungidzira here, kuti mumwe muporofita, mumwe munhu waMwari achiona mabasa aMwari ari mune mumwe munhu, uye woedza ku—kupikisa mabasa aMwari, iye achiziva, aifanira kuziva zviri nani. Zvino Bharami, chekutanga apo... Bharami akamutumira kwaari akamuudza kuti, “Uya kuno utuke vanhu ava.” Zvino Bharami akaita chinhu ichocho, kana...

⁸⁸ Bharami, waro, akaita chinhu chakanga chakanaka, akabvunza Mwari. Akabvunza Mwari, kutanga. Zvino, ndizvo zvaifanira kuita.

⁸⁹ Uye ipapo Mwari akamupa mhinduro yaKe, yakakwana, “Usaenda naye! Vasiye vakadaro. Usatuka vanhu ava. Vakaropafadzwa.” Zvino, zvaifanira kunge zvakakwana. Kana Mwari ataura chimwe chinhu, haAkwanisi kuchishandura. Cherechedzai, kuda kwaKe kwakakwana kwaiva kwekuti, “Usaenda! Usarwisa vanhu ava. Vanhu vaNgu.” Ndiko kwaiva kuda kwaKe kwakakwana.

⁹⁰ Asi Bharami akanga asingadi vanhu ava, kubva pakutanga. Munoono, hezvoka izvo. Ndivana Bharami vangani vatinavo nhasi? Chinhu chimwe chete, zvimwe chete! Vanoziva zviri nani.

⁹¹ Vaiva navo mumazuva aShe wedu Jesu. Nikodhimo akauya akati, “Rabhi, tinoziva kuti Muri munhu akatumwa kubva kuna Mwari, kana kuti—kana kuti mudzidzisi akabva kuna Mwari. Hakuna munhu anokwanisa kuita zvinhu izvi zvaMunoita kunze kwekunge Mwari ainaye.” Munoono, vakazviziva. Apa paiva naBharami zvakare, maona.

⁹² Zvino, Bharami akanga asingadi vanhu ava. Cherechedzai muzinda wake. Mumashure mekunge vatumira varume vakanaka ikoko, kunomuudza, “Zvino kuna vanhu zasi uko vari kuuya kuno. Uye ndinonzwisisa kuti uri muporofita, uri munhu mukuru, nokudaro uya kuno utuke vanhu ava.”

⁹³ Bharami akati, “Zvino, imbomirai kwemineti, kusvikira ndaenda kunonamata, kwehusiku hwose, dzimwe nguva

Ishe achasangana neni Ondiudza.” Zvakanaka, mangwanani akatevera, Ishe akasangana naye akati, “Usaenda! Usatuka vanhu ava. Vakaropafadzwa.”

⁹⁴ Zvakanaka, Bharami akaenda ndokuti, “Zvakanaka, handikwanisi kuenda, nekuti Ishe vandiudza kuti ndisaenda.”

⁹⁵ Zvino cherechedzai pavakadzokera, vakanatora vekumuzinda, kuti aende zasi ikoko agomisa musangano uyu wavaiva nawo, munoono, zvakanaka, zvararo, akazoono kuti, vekumuzinda vakatuma boka ravanhu vari nani vepamusoro, dzimwe nguva bhishopi, kana mumwe munhu, kana kuti mumwe mukuru wedunhu, mumwe munhu avakatuma zasi ikoko, “Muudzei kuti aende agomisa zvakadararo!” Maona?

⁹⁶ Cherechedzai, boka rake rine runziro iri nani, zvipo zviri nani, nemari yakawanda, rakati, “Ndinokwanisa kukukwidziridza panzvimbo iri nani. Ndinokwanisa kukuita, panzvimbo yekuti unguva munhuwo zvake, ndinokwanisa kukusimudzira zvisvoma. Ndine kodzero yekuzviita, nekuti ndiri mambo pano muboka guru iri. Uye ndi—ndinokwanisa kukuitira chimwe chinhu chiri nani, kana ukangozviita.”

⁹⁷ Cherechedzai, mubairo mutsva wakamupofomadza. Aifanira kunge akaziva; zvakataurwa naMwari, Mwari vanoziita. Asi zvakamupofomadza. Uye semuporofita waMwari, angadai asina kunge akafurirwa neboka rakadai. Aifanira kunge akabuda kunze kweboka iroro, kubva pakutanga.

⁹⁸ Uye kana ndiri kutaura nevamwe vanhu vaMwari pano! Kana vekumuzinda vakaedza kukuudza, kuti, “Mazuva amashura akapfuura,” uye izvi zvatiri kuita pano, uye Ishe Jesu vari kutiropafadza, “uye iro iboka remipengo, rinoshanda namanyawi, hakuna chinhu chinonzi kupodza kwaMwari,” buda muboka iroro, pakare ipapo. [Hama Branham vanoridza munwe wavo—Mupepeti.] Buda mazviri, nekuti Iri iShoko raMwari riri kuratidzwa. Vanoti, “Hapana chinhu chinonzi mazuva avaapostora. Hakuna kubhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Kutaura nendimi uku, hapana zviripo ipapo.”

⁹⁹ O, asi, hama, usateerera kune izvozvo! Kuna vakawanda vakaita saBharami, nhasi, vagere muhofisi dzavo, vachiverenga maBhuku aya emuBhaibheri uye voziva kuti Ichi iChokwadi. Asi nekuda chete kwechinzvimbo, havakwanisi kumira. Ndizvozvo chaizvo. Cherechedzai, Mwari. . . Aiziva kuti aisafanira kuva muboka iri, kana kuti Bharami aifanira kuzviziva. Ivo, vanobuda mukuda kwaMwari. Vanhu ava vanotaura kusvika vakubvisa mukuda kwaMwari chaiko. Kana wawana kuda kwaMwari, usarega mumwe munhu achitaura achikubuditsa makuri.

¹⁰⁰ Ndinoziva vanhu vakanaka, vanouya kumisangano, vopodzwa, vodzokera. Uye vanoti, “O, zvakanaka, hapana chiripo apo. Mangobatwa nemanyawi. Hapana zviripo.” Zvino

vanhu vobva vave kupokana. Ndakaona vanhu vachiyua vachigamuchira Kristu mumwoyo yavo, vodzokera; zvichida votaura nendimi, uye vodzokera. Zvino chechi yoti, “Zvino, mu—muri chinyangadzo kuChikristu,” nezvadararo. Zvino, o, ini zvangu, usaita, usaita izvozvo, maona. Budai muboka rakadararo! Garai kure naro.

¹⁰¹ Cherechedzai, Bharami akashandisa musoro wenyaya wekunyepa pano, nekuda kwehana yake, maona. Akati, “Zvichida. Garai humwe husiku, zvichida ndichambonokumbira kuna Mwari, munoono. Zvichida Anogona kunge ashandura pfungwa dzaKe.”

¹⁰² Asi Mwari haashanduri pfungwa dzaKe. Mwari paakatipa chisungo cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, paZuva rePentekosti, ndiyo nzira yaAnofanira kuzvichengeta zvakaite. Akazviita muzera rose remuBhaibheri, uye Achazviita nguva yose zvayo munhu yaanouya panheyo yaAkapa ipapo. Kana ukauya, uchitenda, uchitendeuka, uchibhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, uye uchitenda kuna Mwari, Mwari akasungirwa kuzadzisa chinyorwa ichocho, ndizvozvo, nekuti ndiYe chiremba. Uye Achazvizadzisa kana iwe uka—kana iwe ukazviteerera.

¹⁰³ Asi haukwanisi zvino kuedza kutora chinyorwa ichi, woenda nacho kumutengesi wemishonga wekunyepedzera uyo—uyo anogona kuisa chimwe chinhu imomo. Izvi zvinogona kuuraya murwere. Ndicho chikonzero tiine nhengo dzechechi zhinji dzakafa nhasi, vari kuedza kupa mushonga usiri iwo. Mwari ane mushonga wacho imo muno muBhaibheri. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Unofanira kutora mushonga nenzira yawakanzi naChiremba utore nayo.

¹⁰⁴ Bhaibheri rakati, “Hapana here—hapana here bhasami muGireadhi; hakuna murapi here ikoko?” Nekuti, ariko. Akati, “Zvino sei mukunda wevanhu vaNgu ari muchinhanho ichi?”

¹⁰⁵ Munoono, tine Bhaibheri. Tine Murapi. Izvi, kungoti bedzi, mugadziri wemishonga haasi kusanganisa nemazvo mushonga weMagwaro. Ndizvo zvazviri. Uri kuedza kuti, “Mazuva eminana akapfuura. Hakuna chinhu chinonzi kubhabhatidzwa neMweya Mutsvene nezvinhu zvose izvi. Hazvina maturo.” Bhaibheri ndere chokwadi. Mwari haadzose chero chinhu chaAnenge ataura. Uye vanoedza kunzvenga nenzira isiri pachokwadi, kana chimwe chakadararo sekuti, “Zvakanaka, tinotenda *zvakati*.” Zvakanaka, hazvina basa kuti unotendei!

¹⁰⁶ Ndeizvo zvakataurwa naMwari! Akati, “Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.” Akavimbisa izvi mumazuva ekupedzisira.

¹⁰⁷ Vanoedza kuti misangano, iyi yamuri kuona, vanonidaidza kuti, “muuki, mu—mu—muuki akakwenenzverwa, kana kuti—kana kuti Bherizebhabhi, kana rimwe dhimoni.” Zvakanaka,

vanofanirwa kutaura izvozvo, nekuti ndevababa vavo. Ndizvo zvaakataura pamusoro paJesu pamavambo. Uye hatisi isu tiri kuita izvi, zvisinei, ndiJesu mumwe chete, nekuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Ndiwo Mweya waKe.

¹⁰⁸ O, chimwe chinhu chinogona kupfuura, kunzvenga nekuza- . . . kunzvenga kuraira kwaKe. Vanhu vazhinji vanoedza kunzvenga izvozvo. “O, uyai mujoinhe chechi, uye zvose zvichanaka. Tiri chechi yakare. Tava pano kwamakore akawanda. Takatanga . . .” Hongu, ndizvozvo. Kana zvakadaro, zvino chechi yeRoma Katorike inokukundai mose; ndiro sanganu rekutanga. Ndiyo yakatanga. Asi, rangarira, kwete Chechi yekutanga. Ndivo vaiva sanganu uye rekutanga, amai vemamwe ose. Awo, rimwe nerimwe rawo rinopesana naMwari. Zvakazarurwa 17 inotaura zvimwe chete izvozvo, maona. Hongu, tava mumazuva ekupedzisira. Zvino, rangarira, Mwari achakusiyai, zvakadaro, munoona, zvino.

Zvino ipapo Bharami, akafunga kuti, “Zvino?”

¹⁰⁹ Zvino Mwari akamuudza kuti, “Enda.” Nekuda kwei? Mwari akanga achiziva zvakanga zviriri mumwoyo make. Mwari akanga achiziva kuti zvakanga zviriri mumwoyo make kubva pakutanga, nokudaro Akamuudza kuti, “Enda.” Anozvibvumira. Anokubvumira kuti uzviite. Anokuropafadza, nguva zhinji, mukuzviita.

¹¹⁰ Akaropafadza kunyange Israeri mushure mekunge va . . . Nyasha dzakanga dzatovapa kare muporofita, Shongwe yeMoto, rudzikinuro, zviratidzo nezvishamiso, ndokuvabuditsa muEgipita, nazvose, asi zvakadaro vaida murairo. Mwari akaregedza vachiva nawo, asi wakavatuka nguva dzose.

¹¹¹ Akaregedza Bharami achienda nenzira yaaifanira kuenda nayo, asi akaitei? Akaenda zasi ikoko uye, panzvimo yekutuka vanhu vacho, akatozoropafadza vanhu ivavo. Haaikwanisa kutuka chakaropafadzwa naMwari.

¹¹² Uye nda—ndakuudzai kuti, ndichapedza nenguva dza nine. Uye ndatarisa, ndikaona kuti nguva dzakwana zvino, asi ndine bhuku rizere nezvinyorwa pano.

¹¹³ Zvino ndinoda kutaura izvi, mukuvhara, kuti Mwari haana kumboshandura pfungwa dzaKe. Kuda kwaKe kwakananga kwaiva kwekuti Bharami asaenda. Uye kana Mwari ane zvaataura, zvinofanira kuramba zviriri chokwadi.

¹¹⁴ Zvino, Bhaibheri rakati, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nanhasi, nekusingaperi.” Zvino, izvi hazvirevi kuti “neimwe nzira.” Zvinozve kuti iYe mumwe chete zuro, nanhasi, nekusingaperi! Jesu akati, muna Mutsvene Johane 14:12, “Uyo anotenda kwaNdiri, mabasa aNdinoita achaaaitawo zvakare.” Ndizvo here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Akavimbisa, muna Marko 16, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

Vanoti, “Zvakanaka, izvi zvaiva zvavaapostora chete.”

¹¹⁵ Akati, “Endai munyika yose muparidze Evhangeri kuzvisikwa zvole. Zviratidzo izvi zvichavatevera, munyika yose, nekuzvisikwa zvole. MuZita raNgu vachadzinga madhimoni. Vachataura nendimi itsva. Kana vakabata nyoka, kana kunwa zvinouraya, hazvivakuvadzi. Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Zvino, ndizvo zvinoMukodzeresa.

¹¹⁶ Munoono, tinoedza kuita kuti chimwe chinhu chikwane. Tiri kuedza kuita, kuti chechi ive yakakodzera kune zvatnofunga kuti ndizvo zviri Shoko raMwari. Hatigone kunge takakodzera kune chechi. Tinofanira kunge takakodzera kuna Mwari.

¹¹⁷ Ndakagara ndichiti, inguva huru yezvinhu zvinoenderana. Ukapenda masitepisi ako nependi tsvuku, zvino tarisa uone muvakidzani wako achipendawo ake nependi tsvuku. Vamwe venyu imi madzimai mukapfeka imwe mhando yenguwani, kuchechi, zvino tarisai muone mamwe madzimai ose achitengawo yakadaro.

¹¹⁸ Mai Jacqueline Kennedy vaiva nemamwe magerero evhudzi ewater-head, zvino tarirai zvoita madzimai ose. Vaipfeka apuroni dzakangodaro-daro, kana zvimwe zvakada kudaro, zvinonyadzisa kuona mudzimai ari mumugwagwa, nazvo zvakatambanudzwa kudaro. Tarirai madzimai ose achiita zvimwe chete. Kutevedzera, asi izvi zviri munyika. Vanhu vemuchechi vakazvitora, uye zvinonyadzisa kuti vanozviita. Zvakatsveyama kuti vazviite, uye zvinonyangadza. Uye kana tikazviona zvava kupinda muPentekosti, zvinotonyanya kunyadzisa. Ndizvozvo. Asi, munoono, chechi haizvipikisi uye inozviredzwa vakadaro.

¹¹⁹ Asi, isu hatina basa nazvo. Handina kuita basa nazvo kuti bhatye rangu rinoenderana nemudhebhe wangu, kana kuti tayi yangu iri kuenderana nebhatye rangu. Ndinoda kuti chiitiko changu chienderane neBhaibheri raMwari nezvaAnoda. Uye ndizvo zvinofanira kuita isu sevanhu vechipentekosti, kuva nechiitiko sechavakava nacho, nekuti ndiYe Jesu mumwe chete, Mweya Mutsvene mumwe chete, simba rimwe chete. Ari kurarama nhasi, uye Ari kurarama pakati pedu.

¹²⁰ Zvinoita sekundirangaridza rimwe zuva amai vaKe pavakanga vabva kuJerusarema, kunonamata, nababa vaKe vasiri vekumubereka, Josefa. Zvino vakafamba rwendo rwamazuva matatu, vachifungidzira kuti Ari kufamba pamwe chete navo, ndokuzoona kuti Akanga asipo.

¹²¹ Uye, munoziva, ndinoda kuzvifananidza nanhasi. Munoziva, chechi yakava nerwendo rwune zvikamu zvitatu. Luther, Wesley, nepentekosti; rwendo rwune zvikamu zvitatu. Mwari achavapa mharidzo, yekururamiswa, Luther, akabatirira pairi; zvino kucheneswa kwakazouya naWesley; ndokuzouya rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, nepentekosti. Zvino handizivi kuti hatina

here kutandana nezvimwewo, zvekuvaka zvinhu zvikuru nekuita zvinhu zvikuru, sezvaiva naBharami mupfungwa dzake; masangano makuru, mu—mumwe achida kukunda mumwe, uye *uyu* achida zvakawanda, vachipa mhenduru dzendarama nemibairo kuSunday School uye kuti ndiyani anounza nhengo zhinji, uye vachingotora chero chose muchechi.

¹²² Ndinokuudzai, kune Chechi imwe chete isina munyengeri mairi, iyi ndiyo Chechi yaShe Jesu Kristu, yakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Haunyengetedzwi kupinda maIri. Uno berekwa maIri. Unotumirwa imomo neMweya Mutsvene.

¹²³ Vakazviona. Vabereki vakazviona kuti Akanga asiri pakati pavo.

¹²⁴ Zvino munguva ino, nyonganyonga huru iyi iri kuenderera, patinoziva kuti nyika ino iri kuzunguzika. Kwete nyika ino chete, asi pasi rose riri kuzunguzika. Yava panguva yekupedzisira. Hapana chimwe chinhu chandinoziva chichaitika kunze kweKubvutwa, Kuuya kwaIshe Jesu Kristu. Zvose zvagadzirira.

¹²⁵ Zvino tinoona kuungana uku. O, wana zvose zvingakubatsira, mumusangano uyu uri kuuya, wana zvose kubva mauri zvaunokwanisa kuwana, zviri zvaMwari. Kana usina Mweya Mutsvene, ingozviisa mupfungwa dzako kuti hausi kuzobva pano kusvikira waUwana. Ndiyo nzira yekuzviita nayo. Gara ipapo, nekuti iwe...uyu ndiwo, unogona kuva mukana wako wekupedzisira. Kunogona kusazova nemumwe musangano zvakare kuno kuWest Coast. Inogona kunge yazova pasi pegungwa, panguva iyoyo, mumwe usati waitika. Nekudaro hatizivi kuti chii chichaitika, naizvozvo isu...Tiri kutarisira kutonga kwaMwari kuti kuuye kundudzi.

¹²⁶ Zvino regai nditaure izvi. Vaifunga kuti vanaYe. Asi vakazoono kuti, mukuomerwa, kuti Akanga asipo. Munoono, Akanga asinavo.

¹²⁷ Zvino tinoona, kuti munguva iyi apo chinhu chikuru ichi chakaunzwa, uye tinoona kuti tinoshayiwa chimwe chinhu mumachechi edu, uye ndiro simba raKristu.

¹²⁸ Zvino, tarirai, handidi kutsoropodza. Ndinokudai, uye rudo chairwo, rwechokwadi nguva dzose rwunogadzirisa. Zvino tava kushayiwa Kristu muchechi medu. Tava kushayiwa Kristu pakati pavanhu vedu vechiPentekosti, hama nehanzvadzi dzedu. Pane chakakanganisika. Misangano yekunamata yechinyakare yavaisimbova nayo, masikati nehusiku hwose, havachisinayo zvachose. Madzimai edu vaichengeta vhudzi rakareba; zvino havachazviiti. Zvainyadzisa kuti mudzimai azvipende nekushandisa pendi, mumazuva akare, uye vozvibata sekuzvibata kunoita madzimai aya. Chimwe chinhu chakakanganisika. Hapana chakakanganisika naKristu, munoono, asi chimwe chinhu chakakanganisika. Chimwe chinhu

chiri pane imwe nzvimbo. Purupiti, yaisidaro, yaisatendera chinhu chakadaro, asi zvino inodaro. Munoono, dambudziko riripo, uye tiri kupotsa chimwe chinhu.

¹²⁹ Tiri kushayiwa simba ratinofanira kuva naro, apo muchina mukuru unofanira kunge uri kushanda, uye zviratidzo nezvishamiso zvikuru. Zvakanaka, imba ino inofanira kunge yakazara nesimba raMwari, zvino, kusvikira mutadzi ava kutadza kugara muno; Mweya Mutsvene uchimupomera, nekuchimbizika saizvozvo, sezvakaitika kuna Anania naSafira. Uye tiri kushayiwa chimwe chinhu.

¹³⁰ Zvino chii chakaitika? Vakaenda kunoMutsvaga, pakati pehama dzavo, asi havana kuMwana pakati pehama dzavo. Zvino vakaMwana kupi? Ipo chaipo pavakanga vaMusiya.

¹³¹ Uye ndinofunga, chechi yedu payakapinda panhangemutange huru yemasangano yatinayo, mumwe achiedza kukunda mumwe, uye zvichireva kuva namachechi makuru, neboka ravanhu vari nani, navanhu vanopfeka zviri nani, navaimbi vari nani, zvino vomira ipapo uye . . .

¹³² Ndinofarira kuimba kwakanaka. Ndinofarira kuimba kwakare kwechipentekosti kwakanaka. Asi handifariri zvekupfekedzera izvi, hazvienderane neni; zvekubata inzwi rako kusvikira chiso chava neruvara rwebhuruu, kuti ungonzika chete. Ndi—ndinotenda mukuimba kunobva pamwoyo, muMweya waMwari, sekwandanzwa muno nguva shoma yapfuura. Maona?

¹³³ Ndinoda kudanzira kwakanaka kwakare, asi ndinofunga kuti kudanzira kunogona kuenderera mberi kunyange mumhanzi uri kuridzwa kana kuti kwete. Mweya waMwari pamusoro pavanhu, Unounza maropafadzo nesimba raMwari. Ndinotenda kuti munhu anokwanisa kupupura, nekuimba nekurumbidza Mwari, pabasa ravo, chero kwese kwavanenge vari. Zvechokwadi.

¹³⁴ Zvino tiri kushayiwa chimwe chinhu. Ko tichaMwana kupi? Ipo patakaMusiya chaipo, muShoko.

Ngatinamatei.

¹³⁵ Baba veKudenga vanodikanwa, pane humwe hwehusiku huno tichavhara Bhaibheri iri kekupedzisira, rwiyo rwekupedzisira rwuchaimbwa, mharidzo yekupedzisira ichaparidzwa, mutsara wekunamatira vanorwara wekupedzisira uchadanwa, mutadzi wekupedzisira achapinda. Zvino zvozodini? O Mwari anodikanwa, hatidi kuva nekuda kweNyu kwekuregedzera, Baba. Regai tifambe mukuda kweNyu kwakakwana. Ngatiregedzei kungo—kungatora Shoko pano naapo, nekuRiita kuti rikwane padzidziso kana chitendwa, kana chimwe chinhu. Ngatitore Shoko sezvaRiri, tichitenda Evhangeri yose, izvo zvose zvatakadzidziswa naJesu kuti tiite. Hatitendi kuti mabasa avaapostora inheyo chete. Tinotenda

kuti Iri iShoko raMwari, Aya mabasa eMweya weNyu Mutsvene muvaapostora. Uye tinotenda kuti Mweya Mutsvene mumwe chete, Ishe, wakauya pamusoro pavo, uye nenzira yavakazvibata nayo, Uchaita zvimwe chete matiri, paunoUya pamusoro pedu, kana uri Mweya mumwe chete.

¹³⁶ Nekudaro ndinonamata, Mwari anodikanwa, kuti musangano uyu watiri mumanheru anoutevera, uri kuzotanga mangwana husiku. Ndinonamata, Baba veKudenga, kuti uve musangano mukurusa wati wamboitwa muguta rino, nekuda kweHupo hweNyu. Ropafadzai mutauri wogawoga, O Mwari, dai zvanyatso—zvanyatsozonguza, dai hasha dzaMwari dzatinhira kubva papurupiti. Dai vatadzi vakabvunda, vakadedera. Dai Hupo hwaJesu Kristu hukava hwemazvirokwazvo kuvanhu, zvekuti vakangokwanisa kuvhara meso avo voMuona achifamba pakati pavo. Zviitei, Ishe.

¹³⁷ Zvino, husiku huno, izvi zvatiri kunamatira zvisati zvaitika. . .Mwari anodikanwa, vamwe vana veNyu vari kurwara. Vane mavanga, uye—uye vakakuvadza. Ndauya kuzovanamatira. Mungaremekedzawo here zvandiri kukuKumbirai, husiku huno, Ishe, nekuda kwekurwara kwavo? Ndinovimba, neMi, kuti hakuzovi nemunhu ane hutera muno mushure memusangano uyu.

¹³⁸ Varanda veNyu vari pano, vakagara uko, vachidanidzira, nekukandira maoko avo mudenga, napano papuratifomu, vachiti “ameni” kuShoko. Baba, tiri boka rimwe revanhu. Takabuda munyika, kubuda munzvimbo dzetsika dzakatonhora idzi, uye takaberekwa neMweya. Tiri vapenyu, husiku huno. Uye Makati, nekuti Munorarama, tinoraramawo zvakare. Uye tiri kuvimba, Ishe, pamwe nekutenda nemwoyo yedu yose, maererano neShoko, kuti takamiririrwa maMuri.

¹³⁹ Zvino itai kuti Mashoko eNyu ave amazvirokwazvo, husiku huno, ekupodza vanorwara, pandichavanamatira, uye vamwe ava vachinamata. Zviitei, Ishe, zvichava saizvozvo. Uye tichaKurumbidzai nekuda kwazvo. Tinozvikumbara nemuZita raJesu. Amen.

¹⁴⁰ Zvino. . .[Mumwe munhu anotanga kutaura nemumwe mutauro. Chibenga patepi—Mupepeti.] Mazviita, Mwari Baba.

¹⁴¹ Tinonzwa sekuti, neimwe nguva muBhaibheri, vaiva nedambudziko, zvino Mweya waShe wakauya pane mumwe munhu Ukamuudza kwekukundira muvengi, kwekuenda. Teererai kune Izvi. Zvigadzirise iwe pachako. Maona, Mweya weHupenyu uri mauri, unokugadzirisa kuShoko. Maona, kana Shoko richirarama mauri, Rinozvirarama pachaRo nemuShoko.

¹⁴² Zvino, husiku hwapfuura ndakanonoka. Zvino, muri vanhu vakanaka kwazvo, ndinongo. . .Zvinotaridzika sekunge, uye sezvandava kutanga kukura, ndi—ndi—ndinoshuva kuti dai ndaigona. . .Ndichava nemi nekusingaperi, kune imwe Nyika.

143 Nekudaro zvino tava kuzonamatira vanorwara, uye zvino handisi kuzoedza kuunza vakawanda panguva imwe chete, sezvandakaita husiku hwapfuura. Uye zvino, Billy Paul apa chitsama chamakadhi ekunamatirwa, ndinofungidzira kuti zana rawo. Wapa zana here, kana kuti maviri? Mazana maviri. Anga ari chii? C.

144 Ndiani ane C, nhamba poshi? Simudza ruoko rwako, rega tione kana zviriro izvo, zvino. Kadhi rekunamatirwa, tarisa pakadhi rako rekunamatirwa, rine nhamba ne—nevara pariri. C, nhamba poshi, simudza ruoko rwako. Kumusoro-soro. Zvakanaka, dzika pano apa. Nhamba yepiri, yetatu, yechina, yeshanu. Zvino, uye, iwe, mumwe munhu ngaauye kuno avabate. Zvino tinoda rimwe nerimwe ramakadhi ekunamatirwa, asi tinovada kuti vave mumutsara kudivi *iri*. Potsi, piri, tatu, china, shanu. Ndiri kuona vatatu vavo. Mune kadhi renyu rekunamatirwa here, changamire? Yechina. Zvino kuchine mumwe here? Yeshanu, ndiye munhu wacho ari kuuya uyo here? Potsi, piri, tatu, china, shanu. C, nhamba yekutanga, yepiri, yetatu, yechina, yeshanu. Zvakanaka, zvino chingouya sekudaidzwa kwaunenge waitwa, nenhamba yako.

145 Zvino, husiku hwapfuura, ndakavaona zasi uko, vanhu vachiungana. Hatidi izvozvo. Ino ichechi, munozviziva, kwete nhandare yemutambo. Nekudaro, isu—isu, tinofanira kuchengeta hurongwa.

146 Potsi, piri, tatu, china, shanu, tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi. Zvino ingovaisai mumutsara vachidzokera kumashure. Zvino, kadhi rekunamatirwa rechitanhatu, chinomwe, sere, pfumbamwe, gumi. Uye mumwe munhu ngaasimudze ruoko rwake kana aine. . . kana vava mumutsara uko. Zvino tichavanamatira.

147 Vangani vachatenda neni zvino kuti Ishe Jesu vachaita basa guru? Ndichaita zvose zvandinokwanisa. Zvino tanhatu, nomwe; tanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi, gumi neimwe, gumi nembiri, gumi nenhatu, gumi neina, gumi neshanu.

148 Zvino tendererai muchiuya, kuti vasaungana vose pamwe chete, munoziva, mopoteredza. Ndicho chikonzero nhamba idzi dzapiwa kwamuri, kuti muchengetwe muri muhurongwa, munoziva. Chengetai zvakadaro hazvizo. . . Zvino nhamba yako painodaidzwa, zvakanaka, ibva wauya pakarepo. Zvakanaka, zvino tinoda ku. . .

149 Zvino ndinoda mose, munhu wose, anyatsoremekedza zvino. Uye tichanamata zvino zvingangoita, kusvikira takwanisa kunamatira vanhu ava. Uye hatizivi kuti Ishe vachaiti. Hatizivi zvaVachaita. Asi tiri kutarisira kuti Vachaita zvinhu zvikuru.

150 Zvino, ndinotenda, gumi nevashanu, ndava nevakawanda zvakadaro here uko zvino? Billy Paul, uri papi? Zvakanaka.

Gumi neshanu, gumi nenhanhatu, gumi nenomwe, gumi nesere, gumi nepfumbamwe, makumi maviri.

¹⁵¹ Zvino, munooona, vave kutoungana kare. Nekudaro zvino ndichava, zvichida, pamwe imwe hama kuti, pavanenge vava kupera mumutsetse, agodaidzira nhamba dzinotevera, munooona, kuitira kuti tose tisamira, kumira ipapo nguva yakareba patinenge tichinamatira avo—avo va—vanorwara. Zvakanaka. Zvino ticha—ticha...Ndinoda—ndinoda kuti imi...

¹⁵² Ndinoda kutaura nemi pavari kuita kuti vanhu ava vasaungana pamwe chete.

¹⁵³ Zvino, hapana anouya kusvikira nhamba yako—yako yadanwa. Tadana kusvika pagumi neshanu, ndinotenda kuti ndizvo, kana kuti makumi maviri, zvimwewo zvakada kudaro, ndichati kusvikira pamakumi maviri, ipapo tombomira. Uye vanenge vakwana imomo iko zvino, chero avo varipo ipapo.

¹⁵⁴ Zvino pane makadhi mangani ipapo? Simudzai maoko enyu. Uye vangani vasina makadhi? Simudzai maoko enyu.

¹⁵⁵ Zvino, rangarirai, haufanirwi kuva nekadhi rekunamatirwa. Tanga tiri pano kwehusiku huviri, uye husiku hwoga—hwoga Mweya Mutsvene waienda muungano uchipodza vanhu, zvisinei nemakadhi ekunamatirwa. Ndizvo here? Kadhi rekunamatirwa rinoita chinhu chimwe chete kwauri, rinokubatsira kupinda mumutsara. Ndizvozvo. Asi iwe iva ne kutenda, uye wotarira Mweya Mutsvene uchibva papuratifomu, ipo pano, uye woenda chaimo mukati meungano. Vangani vanoziva kuti ichi ichokwadi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

¹⁵⁶ Zvino, ndi—ndinotenda, kutenda zvakasimba kuti, dai paiva neimwe chechi kunze kwechechi yePentekosti, yandaikwanisa—kwanisa kufambidzana nayo nekutenda mairi, ndingadai ndiri pamwe chete nayo, dai ndaifunga kuti kwaiva nechimwe chiri nani. Uye kana mukandinzwa ndichitaura chimwe chinhu pamusoro pemasangano, nezvimwe zvakadaro, handisi kupesana nevanhu. Pamusana pekuti...

¹⁵⁷ Zvino toti waona munhu waunoda, ari muigwa richifamba richienda kumapopoma, uye uchiziva kuti igwa richanyura pamwe chete naye, zvino iwe unoti, “Zvino, ndinomuda, asi iye—iye ane nzira dzake”? Kwete, handaikwanisa kudaro. Hazvizi mandiri. Ndingadanidzira, ndomhanya ndomubata zvakasimba, ndomuzunza, ndomudhonza, kana chimwe chinhu, kuti ndimubuditse imomo, munooona.

¹⁵⁸ Uye ndinoziva kuti izvi hazviyambuki pamapopoma. Ndizvozvo. Zvinofanirwa kudzoka pana Kristu, zvemazvirokwazvo zvachose. Zvinofanirwa kudzoka pana—pana Mwari. Zvino ini—ini...

159 Munhu wese ari muno akambova mumisangano yangu kumashure, ndizvo here? Simudza ruoko rwako kana wakambova mumisangano yangu. Zvakanaka. Hapana kana . . .

160 Pane vatsva here vasina kumbova mumisangano yangu kumashure? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka, mune chii . . . Handina . . . Ndiko kekutanga here kunge muri muno mumwe wemisangano yangu? Simudzai maoko enyu zvakare. Zvakanaka, ndi—ndi—ndinokuudzai, ini . . .

161 Pamwe zviri nani ndishandure chinhu ichi. [Imwe hama inoti, “Tsanangurai zvisoma pamusoro peshumiro yenyu.”—Mupepeti.] Zvakanaka, re—regai ndidaro.

162 Imi, kwamuri imi vachangouya, ndi—ndicha . . . Zvichanditorera kanguva, zvorebesa nemamwezve maminiti mashoma. Regai nditsanangure, nekuti mungazoenda muine maonero asiri iwo, munoona.

163 Ndinotenda mumaitire ose aMwari. Asi ndinotenda kuti Bhaibheri rinotivimbisa kuti, mumazuva ekupedzisira, kuti kuchava, kuchauya zvakare, neChechi inofanira kupinda muhurongwa humwe chete sehwayaiva, payakasiyiwa iri naJesu payakaenda. Munoona, ndiwo Mwenga, unofanira kudzoka panzvimbo iyoyo. Zvino, takauya nemumabasa makuru aMwari, nemukururamiswa, kucheneswa, nekubhabhatidzwa neMweya Mutsvene, kudzoreredzwa kwezvipo. Asi mukutevera mafambire a Abrahama . . .

164 Zvino, handina kudzidza, nokudaro ndinofanira kushandisa chimwe chinhu saJohane muBhabhatidzi. Akanga asina kudzidza, zvakare. Akaenda murenje, aine makore anenge mapfumbamwe, uye haana kuwana dzidzo. Nekudaro mharidzo dzake dzaiva dziine nheyo yakazembera kuzvisikwa, “O imi chizvarwa chenyoka.” Munoona, ndicho chinhu chakaipisisa chaakanga aona, uye chine hunyengeri, zvino akadana vaprisita “nyoka.” Akati, “Imi chizvarwa chenyoka, ndiani akuyambirai kuti mutize hashu dziri kuuya? Musatanga kuti, “Tine *zvakati*, uye tiri *vekwakati*.” Mwari anogona nematombo aya,” ndiwo aaiona pamahombekombe orwizi, “kumutsa vana kuna Abrahama. Uye, zvakare, demo,” ndiro raaishandisa murenje, “raiswa pamudzi wemuti. Uye muti wose usingabereki zvibereko zvakanaka, unotemwa.” Ndiyo mhando yaaipisa, achiita huni dzemoto nayo, muri kuona. Asi miti yakanaka . . . Iye—iye aigadzira mharidzo dzake saizvozvo.

165 Nekudaro, mune izvi, ndinoda ku—kuzvitaure nemutowo uyu. Tava panguva yekupedzisira, nguva yekukohwa.

166 Zvino, parwendo rwaAbrahama, aisangana naMwari nguva dzose muzvimiro zvakasiyana, nezvakadaro, zvatingakwanisa kutora nekuzviratidza. Sezvo, tiri Mbeu yaAbrahama, kana tiri muna Kristu. Uye Isaka aiva chaiye mwanakomana wake—wake mudiki; aiva mwanakomana wake, nekuda kwekusangana

kwemurume nemukadzi. Asi, pamweya, Kristu aiva Mbeu yaAbrahama, Mbeu yake yehumambo, kutenda kwake.

167 Zvino tinoona kuti Mbeu yake yehumambo, inofamba rwendo rwumwe chete, iwo, Mwenga waKristu unofamba rwendo rwumwe chete rwakafambwa naAbrahama. Uye chiratidzo chekupedzisira chakaonekwa naAbrahama, mwanakomana wevimbiso asati auya, ndeapo Mwari paakazviratidza ari mumutumbi wemunhu, uye Ngirozi mbiri dzakadzika pasi.

168 Jesu akati, muna Mutsvene Ruka, chitsauko 17 ndima 30, akati, “Sezvazvaiva mumazuva aNoa.” Akataura nezvemunguva yaNoa. Akati, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma,” munoona, Kuuya kwaKe, “ndizvo zvazvichava mumazuva ayo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa.” Zvino, haAna kuti “Mwanakomana waMwari” achizarurwa. “Mwanakomana wemunhu!”

169 Zvino, Jesu akauya mumazita matatu. Mwanakomana wemunhu, anova muporofita; Mwanakomana waMwari, akapinda nemuzera reChechi; kozouya Mwanakomana waDhavhidhi. Asi pakati peMwanakomana waMwari neMwanakomana waDhavhidhi, maererano neShoko raKe paChake, uye maererano naMaraki 4 neMagwaro akawanda, Anofanira kudzoka zvakare muChechi yaKe, mumutumbi wenyama, kuvanhu, mu...muvanhu, nenzira yekuva muporofita. Maona?

170 Uye cherechedzai zvakaitwa neMurume uyu paAkadzika kuzoona Abrahama. Chekutanga, Akaudza Abrahama nezvekushandurwa kwezita rake, nekuti haAna kumudana kuti Abrama, Akamudana kuti Abrahama. Uye paAkadaro, sei, tinoona kuti—kuti Akati, “Aripi mudzimai wako, Sara?” S-a-r-a; kwete S-a-r-a-i.

171 “Sei,” akati, “ari mutende seri kweNyu.”

172 Akati zvino, akanga ane makore makumi mapfumbamwe uye Abrahama aiva nezana, zvino Akati, “Zvino ndichakushanyirai maererano nevimbiso, panguva yehupenyu.”

173 Uye Sara ari mukati, akaMunzwa, akateerera nemumadziro etende, zvino akaseka chinyararire. Uye Mutumwa, Murume akanga agerepo, akati, akanzvera mweya wake ari seri ikoko, kumashure kwaKe, akati, “Ko Sarah asekeri, achitaura pamusoro pezvinhu izvi?”

174 Zvakana, vakadana Sara, uye akazviramba. Akati, “Asi wazviita hako.” Akanga otya.

175 Zvino Jesu akati, Mwanakomana waMwari asati aUya, kana kuti Mwanakomana wa...Kuuya kwepiri, chizvarwa chino chatiri kurarama nemachiri...

¹⁷⁶ Anouya seMwanakomana wemunhu, muporofita, nekuti izvi zvinozadzisa Magwaro. Mosesi akati, “Ishe Mwari wenyu achamutsa muporofita akafanana neni.” Tose tinoziva kuti uyu aiva Jesu. Hatizivi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Nekudaro Aifanira kuuya maererano neMagwaro, ari muporofita. Haana kumboZvidana kuti Mwanakomana waMwari; AkaZvidana kuti Mwanakomana wemunhu.

¹⁷⁷ Asi zvino Ari, kuburikidza nezera reChechi zvino, Anga ari Mwanakomana waMwari. MuMireniyamu Anenge ari Mwanakomana waDhavhidhi, akagara pachigaro chaDhavhidhi. Asi pakati penguva iyi, tinoona neMagwaro kuti, Anofanira kuZvizarura zvakare seMwanakomana wemunhu, muporofita.

¹⁷⁸ Nokuti, Shoko raShe rinouya kuvaporofita chete, kwete kuvadzidzi vezvebhaibheri. Rinouya kuvaporofita. Uye Ishe akati hapana chaAnoita, muShoko raKe risingashanduki ratabva kutaura nezvaro, kusvikira Atanga aratidza vaporofita vaKe. Uye panguva yekuguma, zvisimbiso zvinomwe izvo zvakavharirwa muBhaibheri iri, zvakavanzika zvose zvakapetwa kanomwe zvose zvaKristu, zvinofanira kuzarurwa kutanga, uye zvinokwanisa chete kuunzwa kumuporofita. Tanga tichitarisira izvi, kwamakore, uye tinotenda kuti Mweya waKe uri pakati pedu zvino, ndizvo zvatinoona.

¹⁷⁹ Zvino cherechedzai Jesu paakauya, onai zvaAnoita kuti aratidze kuti ndiye Mhesiya, Uyo Akazodzwa. Rimwe zuva, mushure mekunge Agamuchira. . . Baba vakanga vauya zvino ndokugara maAri, muchimiro chenjiva yakanga yaburuka kubva kuDenga, vachiti, “Uyu Mwanakomana waNgu anodikanwa, uyo waNdinofarira kugara maAri.”

¹⁸⁰ Ndiicho chikonzero Akati, “Ini naBaba vaNgu tiri Vamwe. Baba vaNgu vanogara maNdiri. Handisi Ini ndinoita mabasa; ndiBaba vaNgu vanogara maNdiri.”

¹⁸¹ Johane akapupura, achiona Mweya uyu waMwari, senjiva, uchidzika. Inzwi richibuda maUri, richiti, “Uyu Mwanakomana waNgu anodikanwa waNdinofarira kugara maAri.” Munoono, uye Akagara maAri.

¹⁸² Zvino tarirai pakatanga shumiro yaKe, Aifanira kuita Mwanakomana wemunhu zvino. Zvino tarisai zvaAkaita. Pakauya murume ane zita rinonzi Simoni Petro. Zita rake raiva Simoni nguva iyoyo, pashure ndokuzonzi Petro. Andrea akanga achiuya kumusangano waJohane; uye Jesu paakauya, zvino Johane akanga aMuzivisa, akaMuona. Zvino Andrea akakumbira mukoma wake, Simoni, kuti aende naye kumusangano.

¹⁸³ Zvino akanga audzwa nababa vake, sezvaitaurwa kuti, “Pachauya nguva, Mhesiya chaiye asati auya, yekuti vana mhesiya venhema vakawanda vachamuka.” Zvinogara

zvakadaro. Akati, “Asi, vanakomana, rangarirai kuti, Mhesiya wechokwadi, muchaMuziva nekuti Anenge ari maererano neMagwaro. Anenge ari muporofita. Zvino, hatina kumbova nemuporofita kwamazana nemazana nemazana amakore, kubva pana Maraki. Asi pachava nevanhu vazhinji vachazviti ndivo, izvo zvatinoziva kuti vakambovapo; pakambova nemumwe Jesu akauya akaenda neboka, nezvakadaro. Asi uyu Mhesiya wemazvirokwazvo anenge ari muporofita.” Uye vaHebheru vose vakadzidziswa kutenda kuti zvinotaurwa nevaporofofiti ichokwadi.

¹⁸⁴ [Chibenga patepi—Mupepeti.] Pakarepo murauri wehove uyu asina kudzidza, uyo watinoudzwa kuti akanga asina dzidzo yakakwana yekukwanisa kunyora zita rake, Bhaibheri rinoti aiva nazvo zvose “kusaziva nekusadzidza,” akacherechedza izvi kuva Mwanakomana waMwari. Akacherechedza izvi kuva Mhesiya, nekuti paiva nemuporofita. Paiva neUyo Akamuudza kuti zita rake raiva ani, uye akamuudza kuti zita rababa vake raiva ani. Ipapo akaziva kuti anofanira kuva muporofita, nekuti Murume uyu akanga asingamuzivi. Uye akapiwa makiyi eHumambo.

¹⁸⁵ Uye tinoona kuti paiva navamwe vaiva vakamira ipapo vachiteerera izvi, uye mumwe aiva nezita rekuti Firipo, aiva ne... aiva nezvidzidzo zveBhaibheri neshamwari, yaiva nezita Natanaeri, vachitarisira Mhesiya. Zvino akamhanya akapota seri kwegomo, rwendo rwunenge rwezuya rimwe, nekudzoka. Zvino akawana Natanaeri uya ari pasi pemu—muti wemuonde, achinamata. Uye akati, “Huya, uzoona Watawana, Jesu weNazareta mwanakomana waJosefa.” Nekudaro Natanaeri ari... kana Firipo kana...

¹⁸⁶ Natanaeri, waro, semurume akanaka, akati, “Zvino, kune chinhu chakanaka chingabva kuNazareta here?”

Akati, “Zvakanaka,” akati, “chingouya uzoona.”

¹⁸⁷ Zvino, iyambiro yakanaka. Huya, uzozvionera. Usagara kumba uchishoropodza. Huya, uzoona. “Nzverai Magwaro, maari munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi.” Jesu akati, “Iwo ndiwo anopupura nezvaNgu.”

¹⁸⁸ Zvino munzira vava kudzoka, pasina kupokana, vakaita kahurukuro. Akamuudza, akati, “Unoziva mubati wehove uya aitadza kusaina tikiti rehove dzawakatenga zuva riya here? Akamuudza. Unoziva kuti baba vake vaipinda chechi, zita ravo rainzi Jonasi. Unorangarira? Zvino, Iye—Iye—Iye akamuudza kuti aiva ani.”

“O, ndinofanira kuzviona izvozvo.”

¹⁸⁹ Zvino paakafamba, zvichida aiva mumutsara wekunamatirwa, paiva naJesu. Handizivi. Akanga afamba achipinda muHupo hwaJesu. Jesu akamutarisa, akati, “Tarirai muIsraeri, asina kunyengera maari!”

190 Zvino, chekutanga, ungati, “Ko akaziva sei kuti aiva muIsraeri? Zvakanaka, nekuti akanga akapfeka?” Kwete, kwete.

191 Vose vanhu vekuMabvazuva vanosunga misoro yavo nemicheka. Vanopfeka zvakafanana. Uye akati, “MuIsraeri.”

192 Uye Akati, “Haana nduru!” Dai akanga ari tsotsi kana chimwe chinhu, zvino angadai akafumurwa. Akati, “Haana kunyengera maari!”

193 Zvino izvi zvakaita sekubvisa kuomarara muna Natanaeri, saka akati, “Rabhi, Makandiziva kubva rinhi? Sei, ha—ha—handinzwisisi izvi. Makandiziva rinhiko? Handina kumbosangana neMi. Ndangonzwa pano naFiripi. Mazviziva rinhi?”

194 Akati, “Kumashure pawanga uri pasi pemuti wemuonde, pawanga uchinamata, Ndakuona.” Hongu. Maona?

195 Akati, “Rabhi, ndiMi Mwanakomana waMwari. Ndimi Mambo waIsraeri.”

196 Jesu akati, “Nekuti Ndakuudza izvi, watenda? Zvino uchaona zvikuru kudarika izvi.”

197 Zvino, paiva naavo vakanga vakamirapo. Zvino regai ndikupei yambiro diki. Paiva naavo vaiva vakamirapo, vana rabhi navaprisita, zvino vakati, “Murume uyu anoita izvi naBherizebhabhu.”

198 Zvino Jesu akatendeuka akati, “Ndinokuregererai nekuda kwaizvozvo,” nekuti yananiso yakanga isati yaitwa, “asi rimwe zuva Mweya Mutsvene uchauya woita zvimwe chete,” Akati, “zvino kutaura shoko rimwe chete rinopesana naiZvozvo, hauzomboregererwi munyika ino kana munyika inouya.”

Toenda zvino kumukadzi aiva patsime, kumaSamaria.

199 Zvino, kwaiva nemarudzi matatu evanhu panyika. Tinokwanisa kunge tiri vatema, vebhurauni, yero, kana chero zvatingava, asi tinobva paropa rimwe chete. Uye pane marudzi matatu, akabva kuna Hami, Shemi, naJafeti; uye ndiwo maJudha, maHedheni, nemaSamaria, musanganiswa wemuJudha nemuHedheni.

200 Zvino, isu maHedheni, maAnglo-Saxon, taiva mahedheni, tichinamata mipunzo. Takanga tisingatarisiri Mhesiya.

201 Zvino apo Jesu paakazviratidza pachaKe seMwanakomana wemunhu...Zvino nyatsotererai, ndobva ndavhara. Jesu paakauya, Akanga akasungirwa kumiririra zvakanga zvanzi nemuporofita Aizova, nokudaro ipapo pamberi paIsraeri Akazvimiririra pachaKe, pamberi paPetro naNatanaeri nevamwe vaivapo, seMwanakomana wemunhu.

202 Zvino Aifanira kuenda nokuSamaria. Uye Akaenda kuSamaria, uye ikoko Akawana mukadzi akagara patsime.

Tinoziva nyaya yacho, uye iye, vakataura vose. Akanga auya kuzochera mvura. Akati, “Ndipewo mvura yekunwa.”

203 Uye mukadzi akati, “Zvino, pane rusarura ganda kuno, hatikwanisi kuita izvi. Uye ndiri mukadzi weSamaria, Imi muri muJudha. Hatina . . .”

204 Akati, “Asi dai waiziva kuti uri kutaura Naani, waiNdikumbira mvura yekunwa.”

205 Akati, “Zvakanaka, tsime rakadzika, ko Muchaichera nei?”

206 Zvino hurukuro yakaenderera mberi kusvikira Abata mweya wake. Uye paAkabata mweya wake, Akaona kuti dambudziko rake raiva ripi. Vangani vanozviziva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino vangani venyu vatsva vanoziva kuti ichi ichokwadi? [“Ameni.”] Ndizvozvo, chaiva chokwadi.

Zvino Akati kudini? “Enda unotora murume wako uuye naye pano.”

Mukadzi akati, “Handina murume.”

207 Uye Iye ndokuti, “Wataura zvakanaka. Nekuti wakava nevarume vashanu, uye waunogara naye iko zvino haasi murume wako.” Mudzimai akatendeuka.

208 Zvino, akanga asina kufanana navaprisita, vakati, “Ane dhimoni. Muuki kana zvimwe.”

209 Akatendeuka, zvino ndokuti, “Changamire, ndinoona kuti Muri muporofita. Zvino, hatina kumbova nemumwe kwamazana mana amakore. Chechi yakanga isina kumbojaira zvakadai. Asi tinoona, ndinoona kuti Muri muporofita. Zvino, ndinoziva kuti tiri kutarisira Mhesiya. Uye kana Mhesiya auya, ndicho chinhu chaAchaita.”

210 Zvino Bhaibheri rakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Kana ichi chaiva chiratidzo chakazodzwa chaMhesiya kumashure uko, kumuSamaria nekumuJudha . . . Zvino, hazvina kumboitwa pamberi pamaHedheni. Hapana nzvimbo muBhaibheri apo Jesu akazviita pamberi pamaHedheni. Vakava nezviuru zvina zvamakore zvekutarisira Mhesiya; takava nezviuru zviviri zvamakore, nekudzidzisa kwavo, zvakare, kuti titarisire Mhesiya.

211 Zvino, kana uku kwaiva kuziviswa kwaKe zuva ravo risati rapera, kunofanira kuva kuziviswa kweduwo, nekuti Akavimbisa kuti Mwanakomana wemunhu achazvizarura paChake zvakare muzuva iro nyika ichange yafanana neSodhoma zvakare. Uye munhu wese anoziva kuti ndipo patava. Maona?

212 Zvino, ndinotenda kuti Jesu Kristu anochengeta Shoko rose. Magwaro ose akafemerwa. Handifungi kuti tine kodzero kana imwe zwayo, uye tichazotongwa nekuda kwazvo, kana tikawedzera shoko rimwe kwaRiri kana kutora Shoko rimwe

kubva kwaRiri. Zvakazarurwa 22 inodaro. Ndinotenda kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

²¹³ Ndinoremekedza maLutherani nekukwanisa kumira kwavo muzuva ravo, maMethodisti nekucheneswa muzuva ravo, nemaPentekosti nekumira kwavo muzuva ravo, asi tiri kurarama mune rimwe zuva. Tiri kurarama apo pakambova nedzinde, muchekechera, nechikwande, chakada kufanana neGorosi, asi Gorosi riri mukati mechikwande. Chikwande chinongotsigira Gorosi, kuitira kuti zuva rinopisa risazoRipisa. Zvino masangano ari kubva paRiri, kuitira kuti Rikwanise kuva muHupo hweMwanakomana, kuti riibve. Nekudaro tiri—tiri mu...Hapana masangano achamuka. Ndiwo magumo azvo. Takambova, nguva dzose kwamakore anenge matatu, kana mharidzo yatanga, vanoita sangano pairi.

²¹⁴ Izvi zvanga zvichienderera mberi kwamakore angakwana makumi maviri, uye hapana sangano. Hazvikwanisiki. Tiri munguva yeGorosi, nguva yekukohwa. Ndinonzwa kuuya kwemuchina mukuru wekukohwa. Tiri kuenda kuMusha rimwe zuva. “Ndiye mumwe chete zuro nhasi, nekusingaperi.”

²¹⁵ Zvino, handisi iYe, asi ndiri muranda waKe. Handitendi kuti unoisa maoko pamusoro pavanhu kuti uvagamuchidze zvipo. “Zvipo nekudanwa hazvina basa nekutendeuka.” Zvakatemerwa, naMwari, kusangana nezera nenguva yezera iroro. Mudzidzi weBhaibheri upi neupi zvake anoziva kuti ichi ichokwadi. Mosesi akaberekwa munguva chaiyo. Jeremia, munguva chaiyo, vose zvavo. Johane muBhabhatidzi, munguva chaiyo. Jesu akanga ari munguva. Uye tiri munguva. Izvi ndizvo zviri kufanira kuitika.

²¹⁶ Zvino, ndinozivisa kuti iYe mupenyu nhasi, neMweya waKe. Mushure memazera echechi, tiri muzera rechechi yeRaodhikia, kudanwa kwekupedzisira, uye rakaipisira pane ose, nekuti Akabuditswa kunze kwechechi. Rangarirai, Mwanakomana wemunhu, uye Akabuditswa kunze kwechechi; kwete sangano richibuda musangano, asi Munhu achibuda kunze kwesangano. Maona? Izvi hazvina kumboitika mune rimwe zera rekereke, asi muRaodhikia. Kana uri wemweya, uchanzwisisa.

²¹⁷ Baba vedu veKudenga, zvino ndapupura chokwadi pamusoro peNyu. Zvino kana ichi chiri chokwadi, izvo zvandinoziva kuti ndizvo, Ishe, ndinotenda kuti ichokwadi, iMi chipupurai kuti ndataura Chokwadi. MuZita raJesu Kristu. Amen.

²¹⁸ Ndichabvunza chimwe chinhu, mukanguva kadiki. Ndanga ndisiri kuzova nekunzvera mumutsara, nekuti ndafunga kuti mose makambova mushumiro yangu. Asi nekuda kwevanhu ava vari pano, regai vamwe venyu kunze uko vanamate, uye regai mumwe ari mumutsara, kana zvimwe zvakadaro. Uye zvino kana

Jesu Kristu akatora munhu uyu. Hazvingashandi kana pasina imi. Ndimi munoita kuti zvikwanisike.

219 Zvino, teererai, mudzimai akabata hanzu yaKe, rimwe zuva, uye Akatendeuka, akati, “Ndiani waNdibata?”

220 Vose vakati, “Sei, Munoita sekunge. . .” Kana kuti, Petro akati, “Sei, mhomho yose iyi iri kuKubatai.”

221 Iye akati, “Asi Ndanzwa Ndichipera simba, kana kuti simba rabuda maNdiri.” *Simba* “kugwinya.” Uye akati, “Ndanzwa kuti Nda—Ndapera simba.”

222 Uye Akatendeuka akatarisa, paive nemudzimai, kusvikira Amuwana, ndokumuudza nezveropa rake raibuda. Uye kuti mudzimai. . . Akati, “Kutenda kwako kwakuponesa.” Zvakanaka.

223 Zvino, ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Uye Testamente Itsva, Bhuku ravaHebheru, rakataura kuti, “Iko zvino Iye Muprisita Mukuru ari kureverera iwe, anokwanisa kubatwa nemanzwiwo ehutera hwako.”

Zvino, apa, ndiye here—ndiye here mumwe wavarwere vari pano? Huya.

224 Zvino, nekuda kweungano. Handiiti izvi kungoratidzira, shamwari. Zvino rega kufunga izvozvo. Rangarirai kuti, ndinobata pfungwa dzenyu. Vangani vanoziva kuti ichi ichokwadi, uye vanozviona? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

225 Heuno mudzimai wa—wandisati ndamboona. Handizivi kana chinhu chimwe nezvemudzimai uyu. Zvichida takaberekwa kure nekure, uye takasiyana nemakore mazhinji, uye zvino timire pano husiku huno. Hatizivani. Handikuzivi. Zvino, hapana chandinoziva. Pano, pana—pana Mutsvene Johane 4 zvakare, mu—murume anosangana nemudzimai. Zvino, handisi Jesu uye iye haasi mudzimai uya. Asi pano zvakangofanana. Uye Iye akati, “Mabasa aNdinoita imi muchaaitawo.” Zvino, handizivi. Zvinotora kutenda kwemudzimai uyu kuti zviitike. Hapana chandinoziva nezvake. Asi zvino kana ndataura chokwadi, ipapo Mwari anosungirwa kuti aite. . . ati izvi ndizvozvo. Zvino, ndisingakuzivei, kana Mwari weKudenga. . .

226 Uye ndataura Chokwadi. Unotenda here kuti izvi zvandataura nezvazvo iChokwadi? Munogamuchira kuti izvi ichokwadi? [Hanzvadzi inoti, “Ndinozvutenda.”—Mupepeti.] Unozvitenda here? Handingamiri pano pamberi peBhaibheri Dzvene iri ndoedza kutsautsa mumwe munhu, munhu wezera randiri, uye ndichiziva kuti ndinofanira kusangana naMwari paNzvimbo yeKutongwa. Tinofanira kumirapo, rimwe zuva. Tinoziva izvozvo.

227 Zvino kana Mwari akazarura, kwandiri, chimwe chinhu muhupenyu hwako, chaunoziva kuti handizivi nezvacho, nekuti handikuzive. Kana chipi zvacho, chinofanira kuva chimwe chinhu chiri muhupenyu hwako. Chandisingazivi nezvacho. Chinofanira kuuya kuburikidza neSimba remweya. Zvino zvinenge zvava kwauri, kuti uchafunga kuti Simba iri chii.

228 Uye zvino kwamuri vatsva. Zvino ndasumudza ruoko rwangu. Zvino, ndapota musafamba-famba iko zvino, nekuti, munoono, mumwe nemumwe wenyu muri mweya. Kana ndikatendeuka, ndinonzwa kunge ku—kudhonzwa kubva kwese-kwese. Munoono, muri—muri vanhu uye mune mweya. Uye muri mweya. Kana usiri, wakafa. Nekudaro remekedzai, kwekanguva.

229 Uye imi varume muri pano, namatai. Ndanga ndisingatarisiri izvi, handina kuuyira izvozvo husiku huno, zvachose. Ndangouya kuzonamatira vanorwara. Asi ivo vanhu vatsva.

230 Zvino, unotenda here izvi? Kana Ishe vakanditaurira kuti dambudziko rako nderei, kana kuti uri pano nekuda kwei, chimwe chinhu chawakaita kana chawaifanira kuita, kana—kana chimwe chinhu zvacho, zvino uchatenda here? Zvakanaka, ndiri kuedza kubata mweya wako, waona. Ndizvo zvandiri kuedza kuita. SezvaAkaita kumudzimai wapatsime, Akataura naye zvisvoma, waona, Aikumbira mvura yekunwa. Uye ndizvo zvandiri kuedza kuita, kubata pfungwa dzako, kwete kuverenga pfungwa dzako; asi kuedza kuita sezvaAkaita, kuona pfungwa dzako.

231 Uri pano nekuda kwemudumbu. Une dambudziko remudumbu. Ndizvozvo. Simudza ruoko rwako kana chiri chokwadi. Unotenda here zvino? Kwete izvozvo zvega, asi une nzara yechimwe chinhu. Unoda kubhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Ninira ruoko rwako kana chiri chokwadi. Maona? Ndaona Chiedza icho chichifamba paari, uye chikafamba kuenda kumashure, munoono. Enda unogamuchira Mweya Mutsvene, nemuZita raJesu Kristu, mhinduro.

232 Unotenda here zvino, iwe mutsva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino iwe unoti . . .

233 Zvino pano, onai, kana chizoro ichi chatanga, Chinotanga kufamba. Munoono, mudzimai uyu paangosimuka, hoyo ari apo, ariapo iko zvino . . . Acherechedza kuti pane chimwe Chinhu chakamupoterredza.

234 Vangani vakamboona mufananidzo weShongwe iya yeMoto, Chiedza icho chiri apo? KuWashington D.C. Maona? Zvino ndinoshuva . . . Chimwe chiyero, chakadaro. NdakatoChitarisa. Apo paChakarembere pano pane mudzimai uyo. NdakatoChitarisa.

235 Zvino, ndiri mutorwa kumudzimai uyu. Handimuzivi. Uye handitendi kuti angandiziva, nekungova mumusangano chete. Ndizvo zvega. Asi kana Mwari akandiudza chimwe chinhu pamusoro pako, kana chimwe sezvaaita nguva diki yapfuura, unganditenda here kuti ndiri muporofita waKe, muranda waKe? Ungazvitenda nemwoyo wako wese here? Zvakakanaka, dai Azviita. Iwe, wakatarisana neoparesheni, uye oparesheni iyi ine chekuita neruoko rwako. Hapana chinhu parwuri, asi dambudziko riri mutsinga dzeruoko rwako. Zvakakonzerwa netsaona, uye unofanira kuoparetwa. Iwe tenda, uye hauzooparetwi, kana ukatenda nemwoyo wako wese! Uya, zvino. Unotenda here vimbiso yaKe? [Hanzvadzi inoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Hongu.

236 Ingovai nekutenda iko zvino. Musapokana. Ingotendai. Zvino, pano, regai mudzimai mumwe uyu, nekuti mudzimai uyu ari muchinhanho chakaipisisa. Munoono mumvuri mutema uyo here? Vangani vakamboona mufananidzo wakatorwa wemumvuri mutema werufu? Wakarembere pamusoro pemudzimai iko zvino. Kana Mwari akasamubatsira, haakwanisi kurarama. Ane bundu. [Hanzvadzi inoti, “Hongu!”—Mupepeti.] Uye bundu iri riri muuropi. [“Hongu!”] Uh-huh. Uh-huh. Uh-huh.

237 Mwari anodikanwa, kana Muri pano pedyo-zvakadai zvino, munoziva zvinhu zvose izvi, ndinonamata, Mwari Anodikanwa, kuti Mupodze hanzvadzi yedu. Itai kuti ararame, Baba, kuitira kubwinya kweNyu. Ndinozvikumbara nemuZita raJesu Kristu. Amen.

238 Makadini? Muri munhu akanaka kwazvo. Dai amai vangu vari vapenyu, vangadai vava nezera seramunaro, ndinofunga kudaro. Vari muKubwinya, husiku huno. Vaigara nguva dzose vachindinamatira pandaienda kumusangano. Ndakati kuna Ishe... [Hanzvadzi inoti, “Ndava namakore makumi masere namashanu.”—Mupepeti.] Matiiko amai? [“Ndina makore makumi masere namashanu.”] Makore makumi masere namashanu ekuzvarwa. Mwoyo wenyu ngauropafadzwe, vahanzvadzi.

239 Zvino, ndiri mutorwa zvachose kwamuri, ndinofunga kudaro. Takasiyana kwazvo pazera redu. Uye handikuzivei. Handisati ndambokuonai. Tingori vanhu vaviri vasangana panyika pano, asi muri muKristu. Muri mutendi. Nekuti, chikonzero ndichiziva izvi, manzwire emweya wenyu. Imi, mandigamuchira, maona. Uye ndinotenda izvi kuva Mweya Mutsvene, nekuti unopa mabasa namaitiro eMweya Mutsvene. Maona? Uye ndinoziva kuti Ndiye. Ndinoziva kuti chinhu chatiri kutaura pamusoro pachu ichi ndechechokwadi. Zvino, ndinoziva kuti ichokwadi.

²⁴⁰ Zvino, handizivi kuti chii chakakanganisika. Asi kana Ishe Jesu vakazarura kwandiri kuti chii chakakanganisika nemi, munga . . . munozoziva kuti ndizvo here kana kuti kwete, kana kundiudza chimwe chinhu chamakaita, kana chamakanga musingafaniri kuita. Munozotenda kuti ndiShe Jesu mumwe chete here, Mwari mumwe chete akakwanisa kuudza Firipo kwaiva, akaudza Simoni kuti zita rake raiva ani? Munotenda kuti Uyu ndiye Mumwe chete here?

²⁴¹ Dambudziko renyu ndere ura. [Hanzvadzi inoti, “Ndizvo chaizvo.”—Mupepeti.] Ndizvozvo. Handizvo here? [“Hongu, changamire.”] Munotenda zvino kuti ndiri muporofita Wake here? Zita renyu ndimi Mai Bayer, Mai Bayer; Bayer, zita rakafanana neramapiriti anonzi Bayer. Ndizvozvo. Mapodzwa. Endai, Jesu Kristu akupodzai. Mwari akuropafadzei.

²⁴² Munotenda newenyu wose . . . Zvino kana mukangova nekutenda, musapokana!

²⁴³ Zvino, hausi pano nekuda kwako. Uri pano nekuda kwemumwe munhu. Munhurume, uye haasi pano, ihanzvadzi yako. Hanzvadzi iyi iri muchipatara chevanhu vanorwara nepfungwa. Tora hengechepfu iyo iri muruoko rwako, apo Mweya uchiri pauri, uitumire kwaari. Woiisa paari, usapokana, achabuda muchipatara umu uye oita zvakanaka. Unozvitenda here? Mwari akuropafadze.

²⁴⁴ Munotaura kuti, “Makati, ‘Ngirozi iya, muzuva rekupedzisira iroro, Yakanga yakafuratira musana.’ Zvakanaka, tarisai.”

²⁴⁵ Handisi kuzotarisa mudzimai uyu. Ndinofuratira. Zvino, amai, imi muri kurwara, munokwanisa kundinzwa here, itii “hongu.” [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Kana Ishe Jesu vakandizarurira kuti dambudziko renyu nderei, ndakatarisa rutivi urwu, muchaziva kuti ichokwadi here kana kuti kwete. Ndizvozvo here? Munotenda here zvino kuti zvinofanira kuzadzisa zvakataurwa naJesu, “Zvichaitwa mumazuva ekupedzisira, sezvazvaiva mumazuva eSodhoma”? Munozvitenda here? Mune chirwere chavanhukadzi, dambudziko remadzimai. Tendai nemwoyo wenyu wese zvino, chichakusiyai uye munokwanisa kuenda kumba uye mova zvakanaka. Mwari akuropafadzei.

“Kana mukakwanisa kutenda!”

²⁴⁶ Munotenda here kuti Mwari achapodza dambudziko iro remoyo? Zvakanaka, rambai muchifamba, muchiti, “NdinoKutendai, Ishe!” Tendai!

²⁴⁷ Munomuka mangwanani, monzwa musingakwanisi kufamba. Chirwere chearthritis chinhu chakaipa, asi Jesu Kristu Mupodzi wechirwere chearthritis. Munotenda izvozvo here? Munofamba muchibva pakakwirira pemugwagwa, nerutivi, muchidzika pasi. Ndinokuonai muchiita izvozvo.

Hamuchazozviiti izvozvo zvakare, kana mukatenda. Munotenda here kuti ndakatumwa nekuda kwechikonzero ichochi? [Hanzvadzi inoti, “Ndinodaro.”—Mupepeti.] Zvino, nemuZita raJesu Kristu, ngazvikusiyei. Amenii.

248 Mune dambudziko remudumbu. Munotenda here kuti Mwari anoita kuti muende kumba, monodya kudya kwenyu kwamanheru, monzwa zvakanaka pamusoro pazvo? Endai nenzira yenyu, idyai kudya kwenyu kwamanheru, tendai uye muchanzwa zvakanaka.

249 Une hutera hunouya pamusoro pako, ndizvozvo, nekuti mwoyo wako hauna kuita zvakanaka. Ndizvozvo. Hauchisina dambudziko zvino. Enda, uzvitende.

250 Ko kana ndikasataura shoko rimwe kwauri, ndongoisa maoko pamusoro pako, unonditenda here, zvakare, kuti uchaita zvakanaka? Huyana pano.

251 Baba vanodiwa veKudenga, ndinonamata kuti Mupodze mudzimai uyu nekuita kuti anzwe zvakanaka, kubudikidza neZita raJesu Kristu. Amenii.

252 Vanhu vangani pano vanotenda, vangani venyu imi vatsva, nemi vanhu mose?

253 Imbofungai, uye handichakwanisi kuona vanhu vari kuuya zvino. Ingorangarirai, chiratidzo chimwe chete chakakonzera kuti Ishe Jesu apere simba. Vangani vanoziva izvozvo? Mukadzi mumwe chete akaMubata. Dhanieri akaona chiratidzo akatambudzika mupfungwa dzake, mumusoro wake, kwamazuva mazhinji. Vangani vanoziva izvozvo? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Maona? Zvakanaka.

254 Zvino vangani venyu imi vanhu vanotenda izvi, kuti uyu Mweya Mutsvene? Munotenda here newenyu wese. . . Kwete ini, zvino. Mweya Mutsvene! Zvino hepapo pane varume vakagara apo vanozvitenda, zvakare.

255 Zvino vamwe, zvino vamwezve venyu imi vanhu vane makadhi ekunamatirwa, ndinoda kuti munhu wose achange ari mumutsara wekunamatirwa uyu, amire netsoka dzake, kwakanguva.

256 Tarisai, ndinoda kukubvunzai mubvunzo unokosha. Mareurura here zvivi zvenyu zvose zviripo? Munotenda here? Mareurura here, uye mu—munotenda kuti muchapodzwa? Mareurura here zvivi zvenyu zvose uye magadzirisa zvose zvakakanganisika? Simudzai maoko enyu, kana madaro, pamberi paMwari, munozvitenda izvozvo.

257 Zvino maoko enyu akasimudzwa, zvakare, munotenda kuti zvinotora Mweya Mutsvene here, uye uyu Mweya Mutsvene uri kuZvisimbisa pakati penyu? Munotenda izvi nemwoyo yenyu yose here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Munodaro? Zvino mumwe nemumwe wenyu anogona kupodzwa.

258 Zvino munotenda nekugutsikana movaparidzi ava vakagara kuno here? Munotenda varume ava, zvakare here? Zvakadii rega tikunamatirei, mumwe nemumwe wenyu, uye torega muchipfuura nepano tichiisa maoko pamusoro penyu.

259 Izvi zvinondipedza simba kwazvo. Zvinongoenderera zvakadaro, zvinongo—zvinongondibata.

260 Uye ndi—ndiri kuenda kuSouth Africa mushure meizvi. Nekuti, o, ini zvangu, munoziva zvazviri zasi ikoko zvekuti hautombokwanisi kutaura nevanhu. Uye kunenge kuine. . . Tiri kutarisira kubvira pamazana matatu ezviuru, mumusangano mumwe chete.

261 Nekudaro ingotendai! Muri muno muAmerica, makaZviona mukati nekunze.

262 Mwari anodikanwa, vanhu ava vane zvavanoda. Zvino hapana chimwe chandinoziva chaMungaita, Baba, kuratidza kwavari neShoko Renyu, kuti Muri Mwari asingashanduki. Ndinotenda kuti takaona zvinhu zvikuru zvakawanda, Ishe, uye takadya kubva patafura yeNyu, Chikafu cheHupenyu chakaisvonaka, chinoshamisa cheKusingaperi, kusvikira tava. . . uye kusvikira tanyanya kuChijairira. Chi—chinoisita sechamazuva ose. Hatisi, hatsiviki kwaChiri zvakana, Ishe, kana tichiona. Kunyange ini ndinofunga nezvangu ndimire pano, ndinofanira kunge ndiri pamabvi angu, ndichiziva kuti ipo pano Mweya uya wakaMumutsa kubva kuvakafa umire ipo pano. Mweya wakanga uri paAri apo Airarama pano panyika, uri pano iko zvino. Uye isu, vatadzi vane urombo vasina kukodzera, kubudikidza nenyasha netsitsi dzaKe, Akatenga hupenyu hwedu. Zvino tiri pano, nhasi, tichienda mberi nebasa raKe, sezvaAkataura kuti tichaenda mberi nebasa raKe. “Mabasa aNdinoita muchaaaitawo.” Achivimbisa zvinhu izvi nekuzvisimbisa, pano panyika pano! Ishe, ndinotenda zvikuru kwaMuri, kuti ndakakwanisa kuverengerwa pachikamu chevanhu veNyu, muzuva rino rekupedzisira.

263 Mwari anodikanwa, vanhu ava vakamira. Vanorwara, Baba. Handina nzira yekuvapodza nayo. Uye kunyange Imiwo zvino, Makatovapodza kare. Makakuvadzirwa kudarika kwedu, nemavanga eNyu takapodzwa. Nekudaro, Baba, ndinonamata kuti mumwe nemumwe wavo achipfuura nepano, apo patichavanamatira, kuti vachauya sevari kufamba zvino nepasi pemuchinjikwa. Nekuti vanoziva, pasina kana kupokana, kuti Mweya Mutsvene wakasimbiswa uri pano papuratifomu. Kristu waMwari ari mumusangano uno. Regererai chivi chose. Bvisai kusatenda kwose. Uye dai mumwe nemumwe wavo apodzwa paanenge achipfuura nemumutsara uno. NemuZita raJesu Kristu, ndinozvikumbara. Amen.

264 [Hama inoti, “Hama Branham, dai vanhu vose vakakwanisa kugara, uye totora chikamu chimwe chete panguva, nenzira iyoyo zvino havaizoungana.”—Mupepeti.] Hongu. Zvakanaka.

265 Zvino ndinoda kubvunza chimwe chinhu. Munoda here, hama dzangu, kumira neni pano?

266 Munoono, hechino chimwe chinhu pamusoro pazvo. Vavhangeri vazhinji vanoenda muguta, uye voita zvose zvekunamatira vanorwara, nazvose. Asi kana ungoro, yaparara, va—va—vanhu vangovakirwa chete pamuvhangeri, maona. Handizvo, vanhu. Varume ava, ndinopokana kuti ani zvake muchizvarwa chino...Ndinozviziva, kuti pane kutevedzera kwakanyanya, asi handichatauri zvandanga ndichida kutaura. Asi varume ava vanogona kusadaro, ichokwadi, uye ndinozvipopokana kwazvo.

267 Asi vakatemerwa naMwari, kuti vaise maoko pamusoro pavanorwara, seni kana mumwewo munhu. Mwari anokwanisa kupindura minamoto yavo, sezvaAngaita kumunamoto upi zvawo. Jesu akaraira, “Zviratidzo izvi,” haana kuti zvichatevera William Branham, Oral Roberts, nevamwe vakadaro, “zvichatevera avo vanotenda.” Uye varume ava vakazadzwa neMweya waMwari. Vanhu vakabhabhatidzwa, neMweya Mutsvene mumwe chete. Mweya uyu wanga uri pano uchiita basa iroro nguva shoma yapfuura, Achiri pano. Ari pane mumwe nemumwe wavarume ava, munoono, uye vose vakazadzwa naWo. Nekudaro ndichavakumbira kuti vaite mitsara miviri pano, kumativi kwemutsara uyu pano, kana vachikwanisa, kuitira kuti vakwanise kuisa maoko avo pamusoro pavanorwara, zvakare, pavanenge vachipfuura.

268 Uye vanoda kuti avo vane makadhi ekunamatirwa vasimuke, vane makadhi ekunamatirwa chete, kuti vamire pakati pamabhenji. Uye vamwe mose namatai, kwamaminetsi mashoma zvino. Mirai, muchikamu choga-choga, ingomirai kuruboshwe rwedivi rako. Mira, kudivi rako, zvino vachakudanai. Kana maona mutsara uyu wava kupera kuno, regai mutsara *uyu* ufambe uchipinda mauri. Kana mutsara *uyu* wapera, regedzai *uyu* ufambe uchipinda mauri.

269 Uye paunopfura nepano zvino, rangarira, unenge uchingofambawo zvako bedzi kana ukasatenda. Vangani venyu vanozviziva, kuti unongonzwa mumwoyo mako, kuti munamoto wako wasvika pamusoro peizvi, uye uchapodzwa pauchapfuura nemumutsara uno? Simudza ruoko rwako, uti, “Ndinogamuchira, Kristu, iko zvino, nekuti Makaraira zvinhu izvi.”

270 Zvino ndinonamatira mumwe nemumwe wenyu. Tichanamata. Ndichakumbira Hanzvadzi Rose kana ani angava pachiridzwa apo, Hanzvadzi Rose, ndapota mungaridzawo here, *Murapi Mukuru Ari Pano Zvino*, kwatiri. Uye regai

vanhu, vamwe vanhu vose, ngavanyengetere. Uye pavanenge vachipfuura nemumutsara wekunamatirwa uyu, ndinotenda kuti vose vachapodzwa. Mwari akuropafadzei. Vamwe mose rambai makakotamisa misoro yenyu zvino, uye munamatire vamwe.

²⁷¹ Ivai nekunyatsoperera. Munoono, ndiwo mawanire akaita muparidzi mudiki weBaptisti Mweya Mutsvene, humwe husiku. Aifunga pamusoro pazvo, agere apo, akanyatsoperera, uye Wakaburukira pamusoro peboka rose. Unofanira kuperera kuna Mwari.

²⁷² Zvino Aratidza kuti Anewe pano. Ari pano. Uye kana chero munhu akakuudza kuti iri iboka rekungonakidzwa, unoziva zviri nani zvino, handizvo here, imi vatsva? AZviratidza, kuti ndiYe. Uye hapana mumwe aikwanisa kuita izvozvo. Izvi hazvina kumboitwa kubva mumazuva avaapostora. Zvino izvi zvangodzoka zvino kucheche, sezvakavimbiswa. Ishe vakuropafadzei zvino.

²⁷³ Zvino, imi vanhu, pamunenge muchipfuura nemumutsara uno, uyai, muchinamata. Munhu wese zvino, “Mu—Murapi mukuru ari pano, Jesu anonzwira.” Zvino kana muchiuya, uyai misoro yenyu yakakotamiswa, mukuremekedza. Pfuurai. Varume ava vachaisa maoko pamusoro penyu, uye muchapodzwa. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

...-isa rusambo rweserafimi...

...?...Zvose zvakanaka. Mangwana manheru...?...

²⁷⁴ [Chibenga patepi—Mupepeti.]...?...chinhu. Asi, chinhu chiri nyore chekungoteerera zvataurwa naMwari kuti uite. Ndakazviona zvichiitika nguva zhinji. Munoono, Gwaro harina kutiraira kunamatira vanhu, Rakangoti chete, “Isai maoko pamusoro pavanorwara, vachapora.”

²⁷⁵ Nguva shoma yapfuura, o, zvaka...handingati nguva shoma yapfuura. Nyaya yacho yanga iri mupfungwa dzangu zvino uno. Zvava nemakore matatu kana mana apfuura, kana kudarika. Taiva imo muno muCalifornia. Madzimai maviri akauya neikoko, mumwe wavo aiva ne—ne—nebundu pachiso chake, uye mumwe wacho aiva nemudumbu mairwadza. Zvino vakazvitenda saizvozvo. Ndakaisa maoko pamusoro pavo, ndikati, “Zvino, ndinoita izvi nemuZita raShe Jesu.”


²⁷⁶ Makanga moda kuva mushure memwedzi mumwe. Mudzimai uya akanga achiedza kudya, nemudumbu munorwadza muya, haana kukwanisa kuzviita. Mamwe mangwanani, “mamwe manzwiwo anotonhorera akapfuura” nepaari, akati, akaenda kunodya. Zvino akamhanya kunoudza muvakidzani wake, zvino muvakidzani wake aizunza machira, sezvizi, achiedza kutsvaga bundu rakanga rabva pachiso chake husiku ihwohwo.

²⁷⁷ Munoono, ingotendai, shamwari. Kana Akaitira izvi mumwe munhu, Achazviitira vose. Uye chinhu chiri nyore chekukurika maoko. Uye ndizvo zvaAkati tiite. Hatizivi kuti zvinoshanda sei. Handizivi kuti zvinoshanda sei. Inongova vimbiso yaKe. Akati zvichaita saizvozvo. Uye ndakaona makumi ezviuru, pasi pose, vachingopora. Mwari akavimbisa kuzviita, uye ivimbiso yaKe. Munoono, tinongotenda izvozvo.

²⁷⁸ Zvino, tose tiri kuuya kuno. Uye imi musina kukwanisa kusimuka, uyai pedyo, tiri kuuya kuzokunamatirai. Zvino ndinoda mumwe nemumwe wenyu imi varume kuti muuye pano, muise maoko enyu pano, kana muchikwanisa, iko kuno. Uye ndinoda kumira pano ndinamate, zvino ndozouya ndoisa maoko angu pamusoro pavo, zvakare. Zvakanaka, uyai pano chaipo. Swederai pedyo mose, kuti munhu wese asvikire zvino.

²⁷⁹ Mwari anodikanwa, nemuZita raJesu Kristu, tiri kunamatira vanhu ava, vamwe vavo vari kutambudzwa, vakaremara. Ayo maoko avashumiri ava, Ishe, ari kufamba-famba achibva pane mumwe achienda pane mumwe. Ndinonamata kuti Mupodze mumwe nomumwe wavo, Ishe. Regai Mweya Mutsvene uye pamusoro pevanhu ava, pane mumwe nemumwe wavo, Baba. Uye dai Simba guru raMwari ravaputira iko zvino, uye dai vaenda kumba vonopodzwa. Nekuziva izvi, kuti Jesu akati, “Kana vakaisa maoko avo pamusoro pavanorwara, vachapora.” Makazvivimbisa, Mwari Anodikanwa. Tiri kuzvitenda. Tiri kuzvitenda, nekuti Makazviture uye tinoziva kuti zvakadaro, nokudaro vanhu ava vachapora. MuZita raShe Jesu Kristu, ndinovaropafadza vose. Ameni.

²⁸⁰ Mwari akuropafadzei. [Hama Branham nevashumiri vanoisa maoko pamusoro pavanorwara nekunamatira vanhu. Chibenga patepi—Mupepeti.]

²⁸¹ Mwoyo wangu unogamuchira kupodzwa kwenyu mose. Ndinozvitenda. Mungazvitenda pamwe neni here, mumwe nemumwe wenyu zvino? Ndizvo zvoga. Ndakuudzai chokwadi, sekuziva kwandinochiita. Ndinokudai, uye Mwari akuropafadzei. Uye ndi—ndinotenda, nemwoyo wangu wose, kuti muchapora. Uye dai maropafadzo angu ava nemumwe nemumwe wenyu zvino. Dai Mwari akutarirai nekukuchengetai. Muri muminyengerero yangu. Mungandinamatirewo here pandichange ndiri kuAfrica saizvozvo? Ndi—ndinokudai. Uye ndichakuonai mangwana manheru. 

MWARI ANOSHANDURA HERE PFUNGWA YAKE? SHO65-0427
(Does God Change His Mind?)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chipiri manheru Kubvumbi 27, 1965, pakonivhenisheni yeFull Gospel Business Men's Fellowship International kuEmbassy Hotel muLos Angeles, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org